Мэкъуауэгъуэм и 12-р Урысейм и махуэщ

ФИФЫ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪУДОКІ

№109 (21.767) ● 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм (июным) и 11, мэрем ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● КЪБР-м и Махуэхэр УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Советым щекІуэкІащ

Къанокъуэ Арсен Федерацэмкіэ Советым и зэІущІэм къыщыпсэлъащ

КъБР-м и Махуэхэм хиубыдэу 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм и 9-м Федерацэмкіэ Советым и 273-нэ зэІущІэм кІыщыпсэлъащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и гъэзэщІакІуэ, законхэр кьыдэзыгъэкІ Іэнатіэхэм я унафэщІхэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі Чеченов Ануаррэ. КъБР-м и Президент Къанокъуэ А.Б. кьипсэлъар зэрыщыту итщ республикэм и Іэтащхьэм и www.president-kbr.ru официальнэ сайтым.

Къанокъуэ Арсен жиІар

ПщІэ зыхуэсщІ Сергей Михаил и кІуэ!

Федерацэмкіэ Советым хэтхэу, хьэщІэхэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Псом япэу хуит сыкъэфщІ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм кьабгъэдэкІыу сэлам гуапэ фэсхьну икІи республикэм и гъэщІэм, пыщІа Іуэху нэхьащхьэхэм ЩыІналъэхэм я палатэр нэхъ зэпкрыхьауэ щыгъуазэ сщІыну Іэмал кьызэрызэфтам папщІэ фІыщІэ ин фхуэсщІыну. ЩІыналъэхэм я зэфІекІэр федеральнэ Іэнатіэм хэІущІыІу щыщІыным хуэгъэза апхуэдэ хэкІыпІэм, дэ дызэрепльмкІэ, сэбэныгъэ пылыщ, сыту жьыпІэмэ, субъектым и зыужьыкІэр зыхуэунэтІахэр, абы и екъулІэныгъэхэр кьэгъэльэгъуэным кьыдэкІуэу, апхуэдэ Іэмалыр щІэгъэкъуэн мэхъу щыІэ гугъуехь. Зэрыгъэзэжьауэ, ЩыІналъэхэр зэщІыгъуэм хуэныкьмкІэ. Щэч кьытесхьэркъым федеральнэ властымрэ Урысей Федерацэм и субъектэмрэ я парламент зэхуаку зэпыщІэнгъэхэм хиубыдэу кьыдзэрагъэпэща нобэрей Іуэхур Федерацэмкіэ Советымрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ якУ дунэе дзэлэжьанымрэ хуэунэтІа лъэбакъуэщІэу зэрыщытым, 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым законхэр кьыдэзыгъэкІ и органым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм ящыщу политикэ и Іэныкьуэкіэ нэхъ жьджэр дыдэхэм кьадэкІуэу, республикэм пщІэшхуэ щызІиІэ цІыхухэри хэтщ. Къэбгъэльэгъуэну и жылагъуэ орган зэмылІэужьыгъуэхэр: Парламентым и Унафэщым и деж щыІэ Жылагъуэ совет, ЩІалэгъуалэ палатэ, зэгурызыгъэІуэж комиссэ, кризисым пэщІэтынымкІэ комиссэ, Парламентым и комитетхэм я деж щыІэ эксперт советхэмрэ лэжьакІуэ гупхэмрэ.

Республикэм и Парламентым законхэр гъэхъэзырыныкІэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм кІэщІу ушытепсэльыкькІэ (ахэр нАуэу слайдым кьыщыгъэльэгъуащ), мы кьыкІэлъыкІуэхэр кьыхъэгъэщІпхьэщ. КъБР-м и законодательствэм хеубыдэ иджыпсту зекІуэ закону 265-рэ, абыхэм ящыщу нэхъыбэ мэхъу экономикэмрэ финанс Іэнатіэмрэ яхуэгъэзэ законхэр - процент 38,1-рэ; етІуанэу щыпщ кьэрал ухуэныгъэр зэблэзыгъэкІ законхэр - процент 23,3-рэ; закон псомя и процент 20,3-р республикэм и социальнэ политикэр пхыгъэкІыным, цІыхухэм я узынщагъэр хьэмэным теухуащ. «ЭКСПЕРТ РА» рейтинг агентствэм кьигъэльагъуэ бжыгъэхэм ятепщыхьмэ, мы зэманым законодательнэ ыныгъэ зэпщІыгъэхэр кьызэрэпэщыныкІэ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм кьыщыгъэльэгъуащ. Парламентым и депутатхэр политикэ партхэм я спискэхэмкІэ зэрыхахар икьукІэ игъуэу, уеблэмэ къэкІуэнур кьыщыпльыта унафэу зэрыщытар.

Нобэ республикэм законхэр кьыдэзыгъэкІ и органым, Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыхухэм ящыщу политикэ и Іэныкьуэкіэ нэхъ жьджэр дыдэхэм кьадэкІуэу, республикэм пщІэшхуэ щызІиІэ цІыхухэри хэтщ. Къэбгъэльэгъуэну и жылагъуэ орган зэмылІэужьыгъуэхэр: Парламентым и Унафэщым и деж щыІэ Жылагъуэ совет, ЩІалэгъуалэ палатэ, зэгурызыгъэІуэж комиссэ, кризисым пэщІэтынымкІэ комиссэ, Парламентым и комитетхэм я деж щыІэ эксперт советхэмрэ лэжьакІуэ гупхэмрэ.

Республикэм и Парламентым законхэр гъэхъэзырыныкІэ иригъэкІуэкІ лэжьыгъэм кІэщІу ушытепсэльыкькІэ (ахэр нАуэу слайдым кьыщыгъэльэгъуащ), мы кьыкІэлъыкІуэхэр кьыхъэгъэщІпхьэщ. КъБР-м и законодательствэм хеубыдэ иджыпсту зекІуэ закону 265-рэ, абыхэм ящыщу нэхъыбэ мэхъу экономикэмрэ финанс Іэнатіэмрэ яхуэгъэзэ законхэр - процент 38,1-рэ; етІуанэу щыпщ кьэрал ухуэныгъэр зэблэзыгъэкІ законхэр - процент 23,3-рэ; закон псомя и процент 20,3-р республикэм и социальнэ политикэр пхыгъэкІыным, цІыхухэм я узынщагъэр хьэмэным теухуащ. «ЭКСПЕРТ РА» рейтинг агентствэм кьигъэльагъуэ бжыгъэхэм ятепщыхьмэ, мы зэманым законодательнэ ыныгъэ зэпщІыгъэхэр кьызэрэпэщыныкІэ Урысей Федерацэм и щІыналъэхэм кьыщыгъэльэгъуащ. Парламентым и Унафэщым и деж щыІэ Жылагъуэ совет, ЩІалэгъуалэ палатэ, зэгурызыгъэІуэж комиссэ, кризисым пэщІэтынымкІэ комиссэ, Парламентым и комитетхэм я деж щыІэ экспертэ зэрыщытар.

Зи щІыуэпсыр кьуелэ, турист-рекреацэ комплекс лъэщ зиІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и сэбэн хэльщ зыхуэфащэ инвестицэхэр кьызэщІэгъэуІуэным, абы кьыхъжІыпу законхэр кьыдэгъэкІынымкІэ политикэр зыхуэунэтІа мурад нэхъыщхьэхэм ящыщщ инвесторхэм Іэмал зэряІэкІэ сэбэн яхуэхьун закон лъабжьэхэр зэтетхъэувэныр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и инвестицэ, инновацэ законодательствэм республикэ закон щхьэхуэу 9 хохьэ, ахэр кьыкІэлъыкІуэ слайдым кьыщыгъэльэгъуащ.

Гулыпэ хэха дэ худощ хьэрычэт Іуэху цІыкІумрэ курытымрэ сэбэн яхуэхьуну законхэр гъэхъэзырыным. Абы и льэныкьуэкІэ республикэм и базовэ закону 5 щыщ, абыхэм яхэтщ КъБР-м и экономикэм и инновацІэ зыужьныгъэм сэбэн хуэхьуну.

Депутатхэм законхэр кьыдэгъэкІынымкІэ ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ зиІэ и унэтІныныгъэщ жылагъуэ гъащІэм и Іэнатіэ псоми зэпІэзэрыгъэныгъэ кьыщызэгъэпэщыныр. Лъэпкъ куэд щыпсэу республикэр кьапщтэмэ, псом япэу абы кьыкІыр лъэпкьхэм якУ дэпІ мамырыгъэр хьумэнырщ. ИкІи апхуэдэ мамырыгъэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и мызакъуэу, абы и щІыбкІи кьыщызэгъэпэщыныр хуейщ. Къэралым ис лъэпкъ псомя я гъащІэр бдзэу зэлъпыщІащ, зэхэуэхунащ. Зы щІыпІэм кьыщыхьеящ зэгурымыІуэныгъэр адрей щІыналъэхэм ис цІыхухэм я псуэкІэмрэ зэхэтыкІэмрэ фІекІыпІэ имыІэу яоуалІэ. Абы кьыхэкІыу республикэм и щІыналъэм лъэпкъ зэгурыІуэныгъэр сыт и льэныкьуэкІи щыгъэбыдэныкьмрэ адрей гъэсэныгъэ щыпсэу лъэпкъхэм я гъунэгуфІу щытыныкьмрэ дэ дызытемыкІын хабзэщ. Апхуэдэу щыщыткІэ, сэ федеральнэ Іэнатіэм щыІэ щІыхьэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэм льэныкІэ захуэзэгъэзэну сыхуейт: Кавказ Ищхьэрэм и псэукІэр зы льэныкьуэ закъуэкІэ, абы кьыщыхьу мыхьумышІагъэхэм ятещІыхьауэ кьыфІэщІагъуэу, льэныкьуэ псори кьызэщІаубыдэу, ди лъэпкъхэм я щэнхабзэ кьулейр, я зэхэтыкІэр, творчествэр, урысейпсо, къэрал зэхуакУ мыхьэнэ зиІэ спорт, щэнхабзэ Іуэху гуулъэзэджу ди республикэм кьыщыдзэрагъэпэщхэр хиубыдэу тепсэльыхьхэмэ нэхъ тэмэмт. Слайдхэм фІи пащхьэм кьралъхь дызэрыт ильэсым и закъуэ ди дежь кьыщыхьуа Іуэху хьэлэмэтхэр.

(КІуэхур 2-нэ нап.).

Зи чэзу зэхьэзэхуэхэр

«Іуащхьэмахуэ и гъэмахуэ уэсхэр-2010» бгъэ-лыжэ спортымкІэ зэхьэзэхуэ мэкъуауэгъуэм и 13 - 23-хэм Іуащхьэмахуэ ильапэ щекІуэкІынущ. Лукьяев Владимир и фэеплъ зэпеуэм хэтынущ Урысейм, СНГ-м хьыкъ я кьралхэм я спорт ІІуэжьыгъуэм щыдихьэхэм я клубхэмрэ зэгухьэныгъэхэмрэ. Гуп зэпеуэм хэмыхьэу слалом, слалом-гигант ІІэужьыгъуэхэмкІэ ильэси 10 - 13, 14 - 16 ныбжьым хиубыдэ сабийхэм я зэхьэзэхуэ екІуэкІынущ.

Мэкъуауэгъуэм и 15 - 20-хэм слаломымрэ слалом-гигантымкІэ зэпеуэнущ.

Мэкъуауэгъуэм и 22-м «Чегет» хьэщІэщым зэхьэзэхуэм щытекІуэхэр щагъэльэпІэнущ.

«Адыгэ псалъэр» къыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди индексыр 51531

Ди щІэджыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу къыдогъэкІыж 2010 гъэм и етІуанэ ильэс ныкъуэм кьыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедзэныр зэрекІуэкІыр.

Ильэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэлъыкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ Іанэ псоми.

Зыми хуидэнукъым

Вэсэмахуэ ООН-м ШынагъуэншагъэмкІэ и Советым кьыщта унафэхэм якъ иткІэ, Ираным санкцэщІэхэр трагъэхь.

А Іуэхугъуэр Урысейм и цІыхуу, и Іуэхущ Іанэ Ираным щыІэ псоми яльэмыІэсын папщІэ, Іэмал ткІийхэр кьагъэсэбэпыну я мурадщ.

- Ираныр къэзыІъахъэ Іуэхугъуэхэр Урысейм и цІыхухэмрэ Іуэхущ Іанэ Іэмал я зэрыІэсымрэ я щытыкІэм хэщІэщ жэуап игъуэтынущ, - щыжьІащ Урысей Федерацэм и МИД-м а тесу техуауэ игъэхьэзыра тхыгъэм.

Абы къызэрыхэщыкІ, Урысейм и МИД-м гупытэнщэу кьыхуэгъэнэныкъым Ираным ехьэлІа санкцэщІэхэр Нью-Йорк зэрыщагъэхьэзырыр. Урысейм зыми хуидэркъым ООН-м ШынагъуэншагъэмкІэ и Советым нэхъэрэ нэхъыщхьэу къэрал гъуэрым зыкьыпльыкІыжыну икІи нобэкІэ къащта санкцэхэр и цІыхухэм е и Іуэхущ Іанэ ящыщ ильагъэІэсыну, сыту жьыпІэмэ, ар кьитІаскъэркъым къэралхэм зыхэт зэпсэльэныгъэхэм яубзыхуэ хабзэхэм ООН-м и унафэхэмкІ.

Къэралым и гъущІ гъуэгугъэм щолажьэ цІыху мини 7,5-м нэс. Ахэр йолажьэ километр мини 2,5-рэ зы кІыльыкІ гъущІ гъуэгум. А отраслым щыхуэу тельщ евро мелардкІэ хилъафэу мэлажьэ.

Мы махуэхэм

Мэкъуауэгъуэм и 11, *мэрем*

◆Африкэ Курыт Республикэм президентымрэ парламентымрэ щыхах.

◆Мэкъуауэгъуэм и 11 - 13-хэм Лахти къалэм щызэхэтынущ «Финляндие курыхь» партым и съезд.

◆Париж (Франджы) щекІуэкІынущ 10-нэ Дунейпсо экономикэ форум.

◆Мэкъуауэгъуэм и 11 - бадзэуэгъуэм и 11-хэм ЮАР-м щекІуэкІынущ топджэгумкІэ дунейпсо чемпионат.

◆1957 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым Ленин орденыр етІуанэу кьыхуагъэфащащ.

Мэкъуауэгъуэм и 12, *щэбэт*

◆1997 гъэм Урысеймрэ Украинэмрэ зэращыІлащ УФ-м и кхъухьэр Севастополь и кхъухь тедзанІэм щыгъэхьэзырыр. Урысейм щІэпщІыкІ гъэІэным теухуа зэгурыІуэныгъэм.

◆Словакием и ПІэнэкъ совет (парламентым) хахынущ.

◆1942 гъэм Земи хуэжьэм кьагъэІэпхъуат хамэ кьралыбзэр щаджу Ленинград дзет пединститутыр.

Мэкъуауэгъуэм и 13, *тхьэмахуэ*

◆ 1995 гъэм Андоррэмрэ Урысей Федерацэмрэ дипломат зэхущытыкІэхэр яІэ хъуащ.

◆ Мэкъуауэгъуэм и 13 - 17-хэм Сан-Диегэ (США) щызэхэтынущ атом кьаурм и ІэмалыщІэхэмкІэ дунейпсо конгресс.

◆ 1803 гъэм Кисловодск кьэлэр яухуащ.

◆ 1936 гъэм Къэбэрдей кьэрал драмэ театрыр кьызэІуахащ.

Мэкъуауэгъуэм и 14, *блыщхьэ*

◆**Лъы зытхэм я дунейпсо махуэщ**

◆ США-м и кьэрал бэракъым и махуэщ.

◆ Мэкъуауэгъуэм и 14 - 17-хэм Страсбург (Франджы) щызэхэтынущ Европарламентым и зэІущІэ.

◆ Мэкъуауэгъуэм и 14 - 16-хэм Венэ (Австрие) щекІуэкІынущ ОБСЕ-м и щыналъэгъэшІагъэмкІэ и конференц.

◆ Мэкъуауэгъуэм и 14 - 18-хэм Нью-Йорк 20-нэу щызэІущІэнущ ООН-м тенджыз хабзэхэмкІэ и Конвенцэм хэт къэралхэм я лЫщхьэхэр.

◆ 1936 гъэм КъБАССР-м Гъуэджэмкіэ и управленэр къызэрагъэпэщащ.

Мэкъуауэгъуэм и 15, *гъубж*

◆ Найроби (Кение) щекІуэкІынущ дыкъэзыухъурейхь дунеймкІэ ООН-м и программэм хэтхэм я комитетым и зэІущІэ.

◆ Мэкъуауэгъуэм и 15 - 16-хэм Истамбул (Тырку) щекІуэкІынущ Финансхэмрэ инвестицэхэмкІэ 3-нэ Европэпсо форум.

◆ 1561 гъэм Идар Темрыкъуэ ипхъу Гуащэнэ (Марие) и дзэлъу Думэныкъуэ, и шыпхъу Альтыншаш, абы и щхьэгъусэ Бэфболэт, я тІум я къуэ Сэмэн-Болэт сыкъ и гъусэу Москва нэсащ.

Пліанэпэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩІО 3 арифщ.**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсен Урысейм и махуэм ирихьэлІэу цІыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Си хэкуэгъу лъапІэхэ!

Пщэдей ди къэралым ис лъапкъ псоми ягъэлъэпІэнущ къэралпсо гуфІэгъэуэр - Урысейм и махуэр.

Ди Хэкум и тхыдэм кьыщыхьуа зэхуэхьныгъэ мытыншхэм япыщІа и гуфІэгъуэр сыт щыгъуи щытынущ лъэпкъхэм я зэкъуэтыныгъэм, къэралым и нобэмрэ абы и кьэкІуэнумкІэ псоми зэхуэдэу жэуап зэрытхъыж, урысей къэралыгъуэм и хабзэхэр зэпымыІуэ заужьу кьыззэрекІуэным, хэкуэр фІыуэ лъагъунымрэ абы и цІыху нэсу щытынымрэ я дамыгъуэ.

Урысейм зэманым кьыхуздихьа гугъуехьхэр щІыхь пытъу кьызэринэкІащ икІи нобэ, дунейпсо финанс-экономикэ кризисым кьиша лъэпощхьэпохэр екъуІэныгъэкІэ игъэзэкІуэкурэ, зэпІэзэрыгъэныкьмкІэ и гъэзэкІуэкурэ, зэпІэзэрыгъэныкьмкІэ и гъэзэкІуэкурэ тогъуэ. Сыт хуэдэу гугъуу щымытми, цІыхухэм я пащхьэ кьыщыщта кьалэнхэр къэралым нэгъэсауэ егъэзащІэ. Дунейпсо утыкум Урысейм щиІэ пщІэмрэ фІэлІыкІымрэ нэхъ льагэ зэрыхьэр нэрылъагъущ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым хэщІыныгъэшхуэ имыІуэту кризисым и гуащІэгъэуэр кьызэринэкІыфащ. Дэ тхуэзэфІекІащ экономикэм и Іэнатіэ нэхъыщхьэхэм я зэфІэкІыр, дымыгъэмэщІэн, социальнэ зэныкъэкъуэхэр кьэдмыгъэхъун икІи финанс Іэнатіэр хэщІыныгъэ имыгъуэту кьызэтедгъэнащ, жылагъуэ-политикэ щытыкІэри зэпІэзэрыту тхъунащ. А псоми дэ быдзу ди фІэщ ящІ Урысей Федерацэм лъэпкъ куэду зэхэт и унагъуэ зэкъуэтым щыгъуу Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм и Іуэхухэмкіэ и министерствэм дыгъуасэ «стІол хьурей» щекІуэкІащ.

«Урысейм и щхьэхуитныгъэм и махуэ» фІэщыгъэм щІэту кьызэрагъэпэща зэІущІэр ирагъэкІуэкІащ министерствэм и лэжьакІуэхэр. КІурашын Анзоррэ Шыбзыхъуэ Залымрэ.

«СтІол хьурейм» кьрихьэлІащ Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм пэрыт, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэт щІалэгъуалэ жыджэрхэр. Урысейм и махуэр щагъэльэпІэм ирагъэхьэлІа зэІущІэм кьыдэкІуэтей щІэблэр нэхъыбэу щытепсэльыхьащ «хэкупсэ», «гражданственность» псалъэхэр кьаззэрыгуРыІуэм, абыхэм я мыхьэнэм.

Укъыщалъхуа Хэкум, цІыхубэм, жылагъуэм яфІ зыхэлъ Іуэхухэр блэжьыныр, абы и зыужьныгъэм пхуэзэфІэкІ хэплъхьэныр, жэуапльныгъэ пхэльу укъекІуэкІыныр - ахэращ щІалэгъуалэм гупсысэ нэхъыщхьэу кьагъэльэгъуар.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

Къэралыгъуэ щхьэхуиту

ЛІэщІыгъуэ зыбжанэкІэ къэралыгъуэ щхьэхуэу щыта Урысей СССР-р къэунэхуа нэжьыж, абы хэта адрей республикэхэмрэ я къэралыгъуэр фІэкІуэдат. Ар абы щІэрыщІэу щитІэуэтыжар 1990 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-рад. А махуэм РСФСР-м и цІыхубэ депутатхэм я ятІонэрэ съездым кьыщтащ «РСФСР-м и Къэрал суверенитетым и Декларацэр». Ар гуфІэгъуэ махуэ щыхъуар 1992 гъэм Урысей Федерацэм и Совет Нэхъыщхьэм я Іуэхум теухуа унафэ щхьэхуэ ищІа нэжьыщ. А гъэ дыдэм и бжьыкьэм Лэжьыгъэмкіэ кодексым зэхъуэжьІныгъэхэр хальхьэрэ, мэкъуауэгъуэм и 12-р зыгъэпсэхуГъуэ, гуфІэгъуэ махуэу ягъуэщ. ИтІанэ, ар «Урысейм и махуэ» щыхъуар 2002 гъэращ - Лэжьыгъэмкіэ кодексым иджыри зы зэхъуэжьІныгъэ хальхьэу гуфІэгъуэ махуэм и фІэщыгъэщІэр яхъуэжа нэжьыщ.

А мэкъуауэ мазэм хуиІэ щытыкІэр ильэс 12-м кьриубыдэу зэрызихъуэжар и щыхьэтщ 1990 гъэм къащта Декларацэм и мыхьэнэр зыхуэдэр щыхубэм заншІэу кьызэрагурымыІуам. АтІэ, а зэманым СССР-р щызэхъуэ, грильэльэныж лъэхьэнэт. Льэпкъ куэду, щыналъэ зэмылІэужьыгъуэу зэхэт РСФСР-м щыщу зы республикэ гуэрым хуэзэгъэ щхьэхуэ хьуну хуейуэ ирикъуэдрямэ, ар зауэшхуэ е Урысейм и кІуэдыжыгъуэ хъункІэ щынагъуэт. Ар къэмыгъэхъуным хуэунэтІауэ зэжьын хуейр кьызэрагъэщІ.

1990 гъэм Щыхъуэ депутатхэм я япэ съезд зэрызэхэтаращ Урысейр кьызэхьумар, СССР-м щыхьэхьм иІа щІыналъэм щыщу фІэкІуэд щІагъуэ кьыхэмыкІыу, и щІыналъэхэр гуэхьпІэ имыІэу ейуу зэрыщытымкІэ щыхьэт тхьылъ ирилъхьэу Урысей Федерацэм и Совет Нэхъыщхьэм я Іуэхум теухуа унафэ щхьэхуэ ищІа нэжьыщ.

Нобэ Урысей Федерацэр льэ быдзкІэ ува, езым ейхъэм я мызакъуэу, СССР-м и щхьэхуэ зэрыщытыгъэхэм хэт щІалэгъуалэ жыджэрхэр. Урысейм и махуэр щагъэльэпІэм ирагъэхьэлІа зэІущІэм кьыдэкІуэтей щІэблэр нэхъыбэу щытепсэльыхьащ «хэкупсэ» - ахэращ щІалэгъуалэм гупсысэ нэхъыщхьэу кьагъэльэгъуар.

ГЪУЩІО Зарифэ.

Хэкупсэ гурыщІэр къаззэрыгурыІуэр къыхэщу

КъБР-м ХьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм яльэІэныкьмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министерствэм дыгъуасэ «стІол хьурей» щекІуэкІащ.

«Урысейм и щхьэхуитныгъэм и махуэ» фІэщыгъэм щІэту кьызэрагъэпэща зэІущІэр ирагъэкІуэкІащ министерствэм и лэжьакІуэхэр. КІурашын Анзоррэ Шыбзыхъуэ Залымрэ.

«СтІол хьурейм» кьрихьэлІащ Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм пэрыт, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм хэт щІалэгъуалэ жыджэрхэр. Урысейм и махуэр щагъэльэпІэм ирагъэхьэлІа зэІущІэм кьыдэкІуэтей щІэблэр нэхъыбэу щытепсэльыхьащ «хэкупсэ» - ахэращ щІалэгъуалэм гупсысэ нэхъыщхьэу кьагъэльэгъуар.

Укъыщалъхуа Хэкум, цІыхубэм, жылагъуэм яфІ зыхэлъ Іуэхухэр блэжьыныр, абы и зыужьныгъэм пхуэзэфІэкІ хэплъхьэныр, жэуапльныгъэ пхэльу укъекІуэкІыныр - ахэращ щІалэгъуалэм гупсысэ нэхъыщхьэу кьагъэльэгъуар.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замир.

Льэпкъ Іущыгъэ:

Бгъэлъэныщэмэ, мывэри зэгуоуд.

Къанокъуэ Арсен ФедерацэмкIэ Советым и зэIущIэм къыщыпсэлъащ

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щекIуэкI социальнэ, экономикэ зэхъуэкIыныгъэхэм езэгъ закон лъабжьэхэр къызэрызэригъэпэщым къыдэкIуэу, Парламентым кIэлъыплъыныгъэмкIэ къылъыс хуитыныгъэхэри жыджэру пхегъэкI. Парламентым и Президиумым и зэIущIэхэм тхьэмахуэ щIагъуэ къэмынэу Правительствэм щыхухах зэманым хиубыдэу IэнатIэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ жэуап зыхь министрхэм, нэгъуэщI унафэщIхэм, къэпщытакIуэ, кIэлъыплъакIуэ органхэмрэ хозяйствэ зезыхьэ субъект инхэмрэ я унафэщIхэм щодаIуэ. Парламентым и комитетхэм жыджэру къагъэсэбэп парламент кIэлъыплъыныгъэм и Iэмалхэу парламент едэIуэныгъэхэр, Iуэху пыухыкIахэм щытепсэлъыхь зэIущIэхэр, нэгъуэщIхэри. А псоми къадэкIуэу, республикэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм хэлъ гугъуехьхэмрэ абы и екIуэкIыкIэмрэ зэхэдгъэкIын папщIэ цIыху гуп зэмылIэужьыгъуэхэм я деж социологие къэпщытэныгъэхэр щыдогъэкIуэкI. Зы лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, ар хэхакIуэхэм япыщIауэ щытынымкIэ Iэмалщ, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, абы депутатхэмрэ властым и гъэзэщIакIуэ органхэмрэ зэщIыгъуу зытелэжьэн Iуэхухэр къыщIегъэщ.

Дызыхуэкlуэ зэманым Парламентым и полномочиехэм хиубыдэу адэкIи пищэнущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ щытыкIэр егъэфIэкIуэным, абы и инновацэ жыджэрагъымрэ инвестицэ щытыкIэмрэ къэIэтыным, республикэ бюджетыр фейдэ нэхъыбэ къиту гъэлэжьэным хуэунэтIа Iуэхум. Гулъытэ хэха хуащIынущ хабзэ тэмэмхэм тету лажьэ хьэрычэт IэнатIэм зыщIэгъэкъуэным, захуагъэ зыхэлъ, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIа зэхэтыкIэм, зэрыщыту социальнэ IэнатIэм я правовой лъабжьэхэр гъэбыдэным. Дэ зыхуэдгъэувыж къалэн нэхъыщхьэ дыдэщ псом япэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым, адэкIэ Урысей Федерацэ псом я щIыналъэхэм ящыщу инвестицэ щытыкIэм и лъэныкъуэкIэ нэхъ пашэхэм хыхьэ республикэр щIыныр. Апхуэдэ мурадыр зэдгъэхъулIэн папщIэ дэ Iэмал псори диIэщ.

ПщIэ зыхуэсщI си лэжьэгъухэ! Хабзэр къэзыгъэсэбэпхэм зэпымыууэ зэрапыщIам къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентыр куэдрэ ирохьэлIэ федеральнэ законодательствэр егъэфIэкIуэн щIыхуей щхьэусыгъуэхэм. Абы ехьэлIауэ дэ къыдогъэсэбэп УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм законхэр къыдэгъэкIынымкIэ жэрдэмхэр къыщыхэтлъхьэну Урысей Федерацэм и Конституцэм къыдит хуиты ныгъэр. КъБР-м и Парламентым игъэхьэзырауэ иджыпсту Къэрал Думэм щыIэщ федеральнэ законхэм я проекту 5. Хуит сыкъэфщI Урысей Федерацэм и субъектхэм законхэр къыдэзыгъэкI я органхэм къыхалъхьэ законопроектхэр консолидированнэ жэрдэму къэфщтэну фызэрыхьэзырым папщIэ фIыщIэ фхуэсщIыну, сыту жыпIэмэ ар, шэч хэмылъу, сэбэп хъ унущ законопроектхэр УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым нэхъ тэмэму щыпхыкIынымкIэ. Апхуэдэу лъэIукIэ зыфхуэдогъэзэ къыхэтлъхьа Iуэхухэр къыддэ-фIыгъыну. Пэублэу ФедерацэмкIэ Советымрэ Урысейм и законодателхэм я ассамблееу Къэрал Думэм и деж щыIэмрэ арэзы техъуэн папщIэ, дэ законопроекту 10 къыхэтлъхьащ, ахэр слайдым къегъэлъагъуэ.

Си псалъэм и кIэухыу хуит сыкъэфщI, си лэжьэгъу лъапIэхэ, фэри, ФедерацэмкIэ Советым и Аппарату дэ быдэу дыпыщIауэ дызыдэлажьэми щIыналъэхэм, абыхэм я зэхуэдэ гугъуехьхэм гулъытэкIэ фызэрыбгъэдыхьэм, ахэр дэгъэкIынымкIэ дэIэпыкъуэгъу фыхъуну фызэрыхьэзырым папщIэ аргуэру зэ фIыщIэ фхуэсщIыну.

Гулъытэ фхэлъу фыкъызэрызэдэIуам папщIэ фIыщIэ фхузощI.

ЧЕЧЕНОВ Ануар:

Инвесторхэм я сэбэп зыхэлъ закон лъабжьэхэр гъэхьэзырын

ФедерацэмкIэ Советым и зэIущIэм хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм теухуа псалъэмакъ екIуэкIащ. Абы доклад щищIащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и органым и УнафэщI Чеченов Ануар.

КъБР-м и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануар ФедерацэмкIэ Советым хэтхэр щыгъуазэ ищIащ КъБР-м законхэр къыдэзыгъэкI и органым и зэхэлъыкIэр зэрырагъэфIэкIуам. Абы къигъэлъэгъуащ КъБР-м и Парламентым и иджырей зэхуэсыгъуэм щызэтеува хабзэщIэм ипкъ иткIэ, Парламентымрэ Парламентым и комитетхэмрэ я унафэщIхэм депутат фракцэ псоми я лIыкIуэхэр зэрыхагъэхьар. ИкъукIэ гуапэщ, жиIащ Чеченов Ануар, апхуэдэ хабзэр Урысей Федерацэм и Президент Медведев Д. А. къыхилъхьэу федеральнэ IэнатIэм и законодательнэ мардэ зэрыхъуар.

Чеченов Ануар сенаторхэм яхуиIуэтащ законхэр къыдэгъэкIынымкIэ республикэм щыIэ лэжьыгъэр зыхуэдэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым и законодательствэм иджыпсту зекIуэ закону 265-рэ хеубыдэ. Абыхэм ящыщу процент 38,1-р экономикэмрэ финансхэмкIэ IэнатIэм хуэгъэзащ. ЕтIуанэ увыпIэр яубыд къэрал ухуэныгъэм ехьэлIа законхэм, адэкIэ къыкIэлъокIуэ республикэм и социальнэ политикэр пхыгъэкIынымрэ цIыхухэм я узыншагъэр хъумэнымрэ ятеухуа законхэр.

«Дэ зыхуэдгъэувыж къалэн нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ псом япэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым, адэкIэ Урысей Федерацэ псом я щIыналъэхэм ящыщу инвестицэ щытыкIэм и лъэныкъуэкIэ нэхъ пашэхэм республикэр яхэгъэхьэныр», - къыхигъэщхьэхукIащ Чеченов Ануар. «Абы и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, законхэр къыдэгъэкIынымкIэ дэ зыхуэдгъэувыж къалэн нэхъыщхьэхэм хохьэ инвесторхэм я сэбэп зыхэлъхэр къызэзыгъэпэщыну хабзэ мардэхэр къэщтэныр», - жиIащ республикэм и Парламентым и УнафэщIым.

Чеченов Ануар гулъытэ хэха яхуищIащ лъэпкъ зэхущытыкIэхэм. «Ди къэралым ис лъэпкъхэм я гъащIэр быдэу зэпыщIащ, зэхэухуэнащ. Зы щIыпIэм къыщыхъуа зэгурымыIуэныгъэр фIэкIыпIэ имыIэу яжьэхоуэ адрей щIыналъэхэм щыпсэухэми. КъБР-м и депутатхэр зытемыкIын лъабжьэу щытщ республикэм и щIыналъэм ис лъэпкъхэм я зэгурыIуэныгъэр зэпымыууэ гъэбыдэныр, адрей субъектхэм ис лъэпкъхэм я гъунэгъуфIу щытыныр», - къигъэлъэгъуащ КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым. «Абы и лъэныкъуэкIэ мыхьэнэшхуэ иIэнущ федеральнэ IэнатIэм щыIэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэм я дэIэпыкъуныгъэм. Нэхъ зыубгъуауэ къэгъэлъэгъуэн хуейщ ди лъэпкъхэм я щэнхабзэ къулейр, я зэхэлъыкIэр, абыхэм къадэгъуэгурыкIуэ творчествэр, урысейпсо, къэрал зэхуаку мыхьэнэ зиIэ спорт, щэнхабзэ Iуэхугъуэ хьэлэмэту ди республикэм щекIуэкIхэр», - жиIащ Чеченов Ануар.

КъБР-м и лIыкIуэхэр ФедерацэмкIэ Советым и зэIущIэм хэтщ.

● КъБР-м и Махуэхэр УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым щекIуэкIащ

Къанокъуэ Арсен ди республикэм и дамыгъэу къалъытэ Iуащхьэмахуэ щыгум тращIыкIа сурэтыр Миронов Сергей тыгъэ хуещI.

ФедерацэмкIэ Советыр федеральнэ, щIыналъэ законхэр къыдэзыгъэкIхэм, субъектхэм я унафэщIхэм я зэпсэлъапIэщ

Миронов Сергейрэ Къанокъуэ Арсенрэ журналистхэм я упщIэхэм жэуап ират.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Махуэхэр ФедерацэмкIэ Советым зэрыщекIуэкIым хиубыдэу мэкъуауэгъуэм и 9-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануаррэ пресс-конференц ирагъэкIуэкIащ. Абы щытепсэлъыхьащ щIыналъэм и социально-экономикэ зыужьыныгъэм, абы инвестицэхэр къызэщIэгъэуIуэнымкIэ, туристхэр къешэлIэнымкIэ иIэ щытыкIэм, мэкъумэш хозяйствэм, машинэ зыщI IэнатIэм, металлургие цIуугъэнэм, ерыскъы промышленностым, егъэджэныгъэм яхуэгъэза законодательствэр егъэфIэкIуэным пыщIа Iуэхухэм.

ПРЕСС-КОНФЕРЕНЦЫР къыщызэIуихым, республикэм и Iэтащхьэ **Къанокъуэ Арсен** жиIащ УФ-м и субъектым и Махуэхэр ФедерацэмкIэ Советым зэрыщрагъэкIуэкIыр урысей парламентым и ипщэ палатэр щIыналъэхэм я палатэу зэрыщытым нэгъэсауэ къызэрезэгъыр, щIыналъэхэм къапэщыт зи чэзу Iуэхухэр дэгъэкIыным хуэунэтIауэ федеральнэ, щIыналъэ законхэр зыгъэхьэзырхэмрэ суб ъектхэм я унафэщIхэмрэ гурыIуэгъуэу зэпсэлъэнымкIэ сэбэп зэрыхъур. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр иджыпсту инновацэ Iуэхухэм яхузэIухащ, ар инвестицэхэр хэплъхьэну ут езыгъэгушхуэ щIыналъэ хъууэ хуежьащ», - къыхигъэщхьэхукIащ Къанокъуэ Арсен. Абы къигъэлъэгъуащ республикэм и бюджет зэгуэтым и хэхъуэхэр нэхъыбэ зэрыхъуар, илъэси 5-м къриубыдэу ар дотацэхэм зэрелъытар процент 70-м къыщегъэжьауэ процент 54-м нэсу къызэрехар. Къапщтэмэ, 2009 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и экономикэмрэ социальнэ IэнатIэмрэ зегъэужьыным хэкIыпIэ псоми я хьэкъкIэ инвестицэу сом мелард 16 трагъэкIуэдащ. КъБР-м и Президентым зэрыжиIамкIэ, къаIэрыхьа ахъшэм и хьэкъкIэ республикэм исхэм ящыщу цIыху мини 3-м нэблагъэ щылэжьэн предприятэу 10-м щIигъу лажьэу яутIыпщащ.

Республикэм щIэгъэхуэбжьауэ зэрызиужьыр, Къанокъуэ Арсен къызэрилъытэмкIэ, пыщIащ предприятэ мыинхэмрэ курытхэмрэ я лэжьыгъэми. КъБР-м и Правительствэр абыхэм жыджэру ядоIэпыкъу, банкхэм къыIаха кредитхэм, инвестицэ проекту 50-м ятеухуа лизинг зэгурыIуэныгъэ хэм проценткIэ щхьэщатыкI ахъшэм щыщ Iыхьэр яхуеп шыныж. Илъэс кIуам кредит ахъшэу сом мелард 1,5-м нэблагъэ къызэщIагъэуIуащ. «КъБР-м щолажьэ хьэрычэт IэнатIэ цIыкIум зыщIэзыгъакъуэ муниципальнэ фонду 13, кредит кооперативу 30. Абыхэм зыхуэфащэ республикэ программэм хиубыдэу ахъшэ иратащ. А фондхэм 2009 гъэм и закъуэ псори зэхэту цIыху 600-м сом мелуан 90-м щIигъу щIыхуэ иратащ», - къигъэлъэгъуащ Къанокъуэ Арсен.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI **Чеченов Ануар** зэрыжиIамкIэ, щIыналъэ парламентархэр хэту ФедерацэмкIэ Советым и комитетхэмрэ комиссэхэмрэ ирагъэкIуэкIа зэIущIэхэм КъБР-м къыпэщыт зи чэзу къалэнхэм щыхэплъащ, егъэджэныгъэм и IэнатIэм ехьэлIа законодательствэр егъэфIэкIуэным, рекреацэ щIыналъэхэр зэIузэпэщ щIыным, туризмэм и IэнатIэм хабзэ хэлъхьэным яхуэгъэза Iуэхухэр къыщаIэтащ. Законхэр зыгъэхьэзырхэр зэчэнджэщащ мэкъумэш IэнатIэр къызэгъэпэщыным, мэкъумэш продукцэр къэзылэжьхэм яхуэфащэ увыпIэ къэралым и рынокым щегъэубыдыным теухуауэ. Апхуэдэу Тырныауз и вольфрам-молибден къыщIэхыпIэр зэтегъэувэжынри гулъытэншэ хъуакъым. «ЩIыналъэхэм я сэбэп хэлъщ зыхуэфащэ законхэмрэ ахэр зэрыпхагъэкI щIыкIэр зыубзыху актхэмрэ зэхэлъхьэным и лъэныкъуэкIэ щIыналъэхэм я парламентархэмрэ ФедерацэмкIэ Советымрэ зэдэлэжьэным. АбыкIэ сэбэп хъунущ субъектхэм я махуэхэр ФедерацэмкIэ Советым щегъэкIуэкIыныр», - жиIащ Чеченов Ануар.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ Арсенрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и УнафэщI Чеченов Ануаррэ жэуап иратащ кадрхэр гъэхьэзырыным, щIалэгъуалэр егъэджэным, унагъуэхэм защIэгъэкъуэным, Iэпхъуэшапхъуэхэр нэхъ мащIэ щIыным, узыншагъэр хъумэным, спортым, туризмэм зегъэужьыным, нэгъуэщIхэми ятеухуауэ журналистхэм къаIэта упщIэ куэдым.

Республикэм и къэкIуэнур унагъуэм ират дэIэпыкъуныгъэм елъытащ

Урысей Федерацэм и щIыналъэхэм я махуэхэр зэрырагъэкIуэкIым хиубыдэу ФедерацэмкIэ Советым Социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым къызэригъэпэща зэIущIэм хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органхэм я лIыкIуэхэри. Абы щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щекIуэкI демографие политикэм, абы и лъэныкъуэкIэ щыIэ гугъуехьхэмрэ дяпэкIэ зыхуэплъэхэмрэ.

КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмкIэ, узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщI **Жанатаев Сэлим** ищIа докладым къыщигъэлъэгъуащ щIыналъэм щыIэ демографие щытыкIэр егъэфIэкIуэным хуэунэтIауэ республикэм и властхэм зэфIагъэкIхэр, мы Iуэхум ехьэлIауэ щыIэ хабзэ мардэхэр зыхуэдэр.

КъБР-м къыщащтащ узыншагъэр хъ умэным зегъэужьынымкIэ, демографие щытыкIэр егъэфIэкIуэнымкIэ республикэ программэ хэхахэр. «Унагъуэм теухуа къэрал политикэр дэ къызэрыдгурыIуэр унагъуэр хъумэным, гъэбыдэным, и псэукIэр егъэфIэкIуэным хуэгъэза социальнэ, экономикэ, правовой, къызэгъэпэщыныгъэ Iуэху псори зэщIыгъуу дэгъэкIын хуейуэ арщ».

Республикэм щрагъэкIуэкI политикэм и купщIэ нэхъыщхьэр езы унагъуэр гъэбыдэнырщ. Сабий куэд зиIэ анэхэм, хэхауэ анэм, адэм, сабийхэм защIэгъэкъуэнымкIэ системэ пыухыкIа зэтеуващ. Къапщтэмэ, «Анэм и щIыхь» медаль ягъэуващ, сабий куэд зэрыс унагъуэм и статусыр законкIэ яубзыхуащ, сабий куэд зиIэ унагъуэхэм псэупIэкIэ, ахъшэкIэ доIэпыкъу. Апхуэдэ дэIэпыкъуныгъэхэм ящыщщ зэ тыгъуэу зэрызыщIагъакъуэ ахъшэр, коммунальнэ IуэхутхьэбзэхэмкIэ льготэхэр, нэгъуэщIхэри.

Зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр гъэсэнымкIэ программэ щхьэхуэ ягъэзащIэ. А программэм сабийуэ хиубыдэр 2005 гъэм щегъэжьауэ 2010 гъэм нэсыху 7330-кIэ нэхъыбэ хъуащ. Ауэ абы къыдэкIуэу къэгъэлъэгъуапхъэщ зи школ кIуэгъуэ мыхъуахэр щагъасэ IуэхущIапIэхэр къызылъымыс сабийхэр нэхъыбэ зэрыхъур.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ унэгъащIэхэм я Iуэхухэми. Ахэр зыхэт гугъуехьхэр зэрыщыту Кавказ Ищхъэрэм щызэхуэдэщ - лэжьапIэ увынымкIэ Iэмалу яIэр мащIэщ, хэхъуэшхуэ къаIэрыхьэркъым, ипотекэ кредит къызэрыIамыхыфым къыхэкIыу псэупIэ къахуэщэхуркъым. Абы къыхэкIыу Къэбэрдей-Балъкъэрым и парламентархэм къыхалъхьэ сабий етIуанэ, къыкIэлъыкIуэ зыгъуэта анэхэм хухах ахъшэр псэупIэ зэрагъэпэщын папщIэ къагъэсэбэпыну хуит ящIыну икIи зыхуэфащэ зэхъуэкIыныгъэхэр законодательствэм халъхьэн папщIэ жэрдэм пыухыкIахэр къаIэтащ.

Жанатаев Сэлим и докладым щIагъужу къэпсэлъащ республикэм узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр **Бицу Вадим,** лэжьыгъэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкIэ министр **Тюбеев Альберт** сымэ.

Сенатор хэу, ФедерацэмкIэ Советым Социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым хэтхэу Коровниюв Александр, Титов Константин, Кикоть Владимир, Трофимов Евгений сымэ зыхэта псалъэмакъым и кIэухым комитетым и унафэщI Петренкэ Валентинэ хьэщIэхэм фIыщIэ яхуищIащ абыхэм узэгупсысын Iуэху куэд къызэрыхалъхьам папщIэ. Унагъуэм хуэгъэзауэ республикэм щрагъэкIуэкI политикэр, къыхигъэщхьэхукIащ абы, егугъуу пхагъэкI къэрал органхэмрэ адрей социальнэ IуэхущIапIэхэмрэ. Ар зыхуэунэтIа мурад нэхъыщхьэр унагъуэм псэукIэ тэмэм къыхузэгъэпэщынырщ, цIыхум, унагъуэм, жылагъуэм яку дэлъ зэхущытыкIэхэр гъэтэмэмынырщ.

А зэIущIэ дыдэм комитетым хэтхэр щедэIуащ «Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым, Урысей Федерацэм Социальнэ страхованэмкIэ и фондым, ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и федеральнэ фондымрэ фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и щIыналъэ фондхэмрэ ират страховой взносхэм я IуэхукIэ», «Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым, Урысей Федерацэм Социальнэ страхованэмкIэ и фондым, ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и федеральнэ фондымрэ фIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страхованэм и щыIыналъэ фондхэмрэ ират страховой взносхэм я IуэхукIэ» Федеральнэ законыр къызэращтам къыхэкIыу Урысей Федерацэм и закон акт щхьэхуэхэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным, языныкъуэ закон актхэм (закон актхэм хэт Iуэхугъуэхэм) къару ямыIэжу къэлъытэным и IуэхукIэ» 2009 гъэм бадзэуэгъуэм и 24-м къащта федеральнэ законхэр зэрагъэзащIэм теухуауэ УФ-м и Пенсэ фондым и Правленэм и унафэщI Дроздов Антон жиIахэм.

Нэхъыщхьэхэр къыщалъытэ

2010 гъэм мэкъуауэгъуэм и 9-м ФедерацэмкIэ Советым и 273-нэ зэIущIэм къыщащтащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и социальнэ-экономикэ зыужьыныгъэр къэралым зэрыдиIыгъынум и IуэхукIэ» Унафэр. ФедерацэмкIэ Советым хэтхэр Унафэм хэплъащ КъБР-м и Махуэхэм теухуа Iуэхугъуэхэм хыхьэу.

УНАФЭМ и проектыр къыхилъхьащ ФедерацэмкIэ Советым Федерацэм и Iуэхухэмрэ щIыналъэ политикэмкIэ и комитетым и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ, ФедерацэмкIэ Советым УФ-м и Къэзыбж палатэм дэлэжьэнымкIэ и комиссэм хэт, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и къэрал властым и хабзэгъэув органым и лIыкIуэ **Кадохов Валерэ.** Сенаторым зэрыжиIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и нобэрей социально-экономикэ зыужьыныгъэр зыхуэдэм теухуа хъыбар псори ягъэхьэзыра тхылъым щызэхуэсащ.

- Къэбэрдей-Балъкъэрыр нобэ жыджэру зызыузэщI, социально-экономикэ зыужьыныгъэ я лъэныкъуэкIэ зэфIэкIышхуэ зыбгъэдэлъ Урысейм и щIыналъэщ, - къыхигъэщащ Кадоховым.

Унафэм и проектым щыжеIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым экономикэ, турист-рекреацэ щIыпIэ хэха къызэрыщызэрагъэпэщынур. КъищынэмыщIауэ, ухуакIуэ IэнатIэм и предприятэхэр техникэ и лъэныкъуэкIэ къагъэщIэрэщIэжыну, Налшык къалэм щеIэзэ-щагъэхъуж и IуэхущIапIэхэр зэрагъэпэщыжыну я мурадщ. Апхуэдэу проектым къыщыгъэлъэгъуащ олимп спорт лIэужьыгъуэ зыбжанэм спортсменхэр щыхуагъэхьэзырыну щIыналъэ центрхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщызэIухыным и Iуэхури.

Тхылъыр зыгъэхьэзырахэм къыхалъхьэ щIыналъэ мыхьэнэ зиIэ предприятэхэр даIыгъын, инвестицэ проектхэм мылъку хухахын папщIэ, федеральнэ бюджетым и хьэкъкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финанскIэ зэрыдэIэпыкъуну Iэмалхэм хэплъэну.

- 2030 гъэ пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и социально-экономикэ зыужьыныгъэм и Стратегиер нэсу гъэзэщIа хъун папщIэ, федеральнэ центрым и дэIэпыкъуныгъэ хуейщ, - къыхигъэщащ ФедерацэмкIэ Советым Федерацэм и Iуэхухэмрэ щIыналъэ политикэмкIэ и комитетым и Iэтащхьэм и япэ къуэдзэ Кадохов Валерэ.

ФедерацэмкIэ Советым хэтхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр къэралым зэрыдиIыгъынум теухуа Унафэм и проек-

Тхыгъэхэр ФедерацэмкIэ Советым, КъБР-м и Президентымрэ Правительствэмрэ, Парламентым я пресс-IуэхущIапIэхэм ягъэхьэзыращ.

● Мэкъуауэгъуэм и 13-р Промышленность псынщIэм и лэжьакIуэхэм я махуэщ

Я зэфIэкIым хохъуэ

Промышленность псынщIэр Урысейм и цIыхубэ хозяйствэм и IэнатIэ нэхъыжь дыдэхэм ящыщщ. Абы дапщэщи къалэнышхуэ егъэзащIэ. [illegible] Промышленность псынщIэм и предприятэхэм нобэ [illegible], я технологиехэр ирагъэфIакIуэ, къыщIагъэкI лIэужьыгъуэхэм хагъахъуэ, къэрал пщэрылъ яIэу дзэм, флотым [illegible], вакъэхэр яд, авиацэм, автотранспортым я IэнатIэхэр, нэгъуэщI куэди я IэдакъэщIэкIхэмкIэ къызэрагъэпэщ.

НОБЭ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэщ зи щхьэ хущытыж, зи Iуэху зезыхьэж промышленность псынщIэм и предприятэу 15. Ахэр щэкIым, фэм, галантереем, вакъэм, нэгъуэщIхэми йолэжь, продукцэ зэмылIэужьыгъуэу 30-м щIигъу къыщIагъэкI. Къэбэрдей-Балъкъэрым экономикэ, социальнэ я лъэныкъуэкIэ игъуэтыну зыужьыныгъэр промышленность псынщIэм и щытыкIэм куэдкIэ елъытащ. [illegible] КъБР-м Инвестицэхэмрэ зыужьыныгъэмкIэ и агентствэр [illegible] «Борэн-щэкI» ООО-р къызэIуахащ. Абы цIыху 400-м лэжьапIэ щагъуэтащ. 2009 гъэм и дыгъэгъазэм Шэджэм районым щрагъэжьа «Кариста» фэ заводым Италиемрэ Тыркумрэ [illegible] Iэмэпсымэхэр щагъэуващ, илъэсым продукцэу тонн 2400-м нэблагъэ щагъэхъэзырынущ.

[illegible]

Мы гъэм и мазиплIым къриубыдэу промышленность псынщIэм и предприятэхэм сом мелуан 201-рэ и уасэ [illegible] къыщIагъэкIащ. [illegible]

Абыхэм хэлъхьэныгъэ нэхъыбэ хуащIащ «Глория Джинс» корпорацэ» ЗАО-м, «Комплект» вакъэ фабрикэ, «Силуэт», «Кариста», «Борэн-щэкI» ООО-хэм. [illegible]

КъБР-м и промышленность псынщIэм и лэжьакIуэхэм [illegible] ди гуапэщ.

БАЦЭ ФатIимэ.

● Лэскэн куей

Жылэхэр ягъэкъабзэ

«Дыкъэзыухъуреихь дунейр къабзэу зехьэным щIалэгъуалэр телъхьэщ». А къыхуеджэныгъэм щIэту Лэскэн куейм щекIуэкIащ экологиер зыхуэдэм жылагъуэм гу лъегъэтэным теухуа Iуэхугъуэ. Къуажэхэм я щIалэгъуалэ комитетхэм я жэрдэмыр районым и унафэщIхэм даIыгъащ.

АБЫ ИПКЪ иткIэ, куейм и жылэ нэхъ ин дыдэм - Аргудан - зэIузэпщ лэжьыгъэ хэр щрагъэкIуэкIащ: псыхъуэр, жылагъуэм къыпэзыкIухь гъуэгум и Iуфэхэр ягъэкъэбзащ.

Район администрацэм и Iэтащхьэм и къуэдзэ Бажэ Дотий мы Iуэху щхьэпэм хэтахэм фIыщIэ щахуищIым къыхигъэщащ щIыпIэхэр IэубыдыпIэншэу зэрауцIэпIым пэщIэтыфын щхьэкIэ, къабзагъэм и мыхьэнэр зыщамыгъэгъупщэу, жылагъуэр дыкъэзыухъуреихь дунейм хуэсакъын зэрыхуейр.

ГУIЭТЫЖ Залинэ.

Псэм щыщ Іыхьэ

Щапхъэ

ИЛЪЭС80-м ебэкъуа пэтми, машинэр рулыр ноби иутІыщакъым Борис. Іэнатіэ Іумытыж щыхьэкІэ, и щхьэ Іуэхущ ІэшІэмычу дотІысхьэ, и гъунэгъу, и благъэм Іуэху иІэмэ, нэгъуэщІ кьалэ, кьуажэ щІшэ мыІэмыгІэу кьыхуохуэ. Зэрысабийрэ машинэрат и нэ кьыхьыкиІри, и псэр зыхэпІри. Уеблэмэ школым щыкІуэ зэманкэм и тетрадым машинэ сурэт ирищІыхьу еджапІэм щІэсу щытащ. «Апхуэдизкі машинэр фІыуэ ельагъыри, тхьэ, пэшым щІигъэтІнтэм, - жеІэ абы и пкъум.

Ухьу ухьажэм пщІэрэ щхьэрэ зиІэу унагъуэ куэд дэсащ зауэм и пэкІэ. Абыхэм ящыщ Блий Темыр и унагъуэри. И щхьэгъусэмрэ абырэ щІалиплІ эздагъуэтауэ насыпыфІэу зэдапсэурэт. Апхуэдэу здекІуэкІым пэмыгІыдауэ, я гущхьэ къэмыкІыхьхэу бынунэм гуэвэгъуэ кьалыбыкъуэкІащ: Темыр зыІэзыбжьэ у дунейм ехьыжащ. Щалэхэм я нэхъыжькъэ Бористи, пасэ дыдэу копхозым щыхьэн хъей мэхъу. И анэр сымаджэрилэт, щІэнхъыщІэхэр гъэщхэн, хуэпэн хуейтэкъэ. Абы щыгъуэми «губгъуэм кьыдэмыкІа уи анэм и Іыхьэр уэ кІыплІос» жаІэу кьыпаубыдэрэ и псэр пыхуу, ягъэлажьэу. Щалэр зыІуМыгІа Іэнатіэ укІуэдыж: щІэпІи, гущхьэ, кІапІи, щІэпІи зыхьэхьу, щэжі кьызыкъыщыкІыу щыта кІэнэфри гъубжэкІэ кьихуащ. Выгум иралъэгъэтІысхьэуэрэ Елъхьэуэт щыІэ ГъавэІыхьпІэм гуэдзыр яритащ, бжьыкьэм, ещхьыркъабзэу, нартыхуэр тажджэкІэ Урыс у иришуэрэ Осетием нэс ирагъашэу щытащ. Иужьым мэкъуаеу лЫыкьхэр «мы щІалэм хэльэт иІэщ, сыт хуэдэ Іуэхуми хозагъэ, кхъыІэ, щІапІэ, Іэпыдзьэпыдз хуэдэу кьыдэфт» жаІэу щыІаІуэм, мэкъу пыупщІыгъэм и зэманкэм абыхэм ящыІыгъащ.

Сыт хуэдэ лэжьыгъэ и пщэ кьралъхьами, щІалэ щІыкІум гугъэзагъэу зэфІигъэкІыт, унафэщІэхэм я хьыжьхэми щыгтхьу, кьых ужаІэу. Апхуэдэу здекІыжьым Хэку зауэщхуэрэ кхъыжьящ. Бийр Кавказым кьыщыблагъэм, Борис щІытым ягъаІуэри, абыи гугъу зыщІригъэхьащ. «Нэмыцэр кьуажэм къэсащ» жаІэу щызэхихам, ар хадапщэ щыІэт. А хьыбарым игъэгъэзэ кІыхьыжьхэм я нэгум, илъэс 12-13 фІэкІа имыныбжьми, щІалэ щІыкІум кьриджыкІат, псэкІэ зыхищІат Іуэху щынагъуэ кьаэзрыльыкьэхэкІар...

Блийхэ я псэуплэр Урыху дэт унэ нэхъ зэпэщыІуэ-Іэхуитхьэхуитхэм ящыщт Фашистхэм ар ягу ирихьри, унагъуэр кьыщІахуащ. Сыт щІэнт бынунэм , Іэпхъуащ я анэшхуэм и Іьапсэм. Абы щыгъуэми зэхэзэнэуэ ушмыщу щытамэ уи насыптхьэ?! Куэдиж полицаймэ я гущІэгъуэ, лэжьэфыну жьлэм дэсхэр зэхуахусурэ, Іуэху зэмылІэужьыкІыу зэ зр ирагъащІэрт. Бориси эхуэращ залымыгІэкІэ зэрыгъэлажьэхэм: гъуэгуэр зэтес зыщІэм яхэхэмрэ Китайм я зауэлІэхэмрэ зэщІыгъуу деуэу щІэддзэри, мазитІ-щым Корее Ищхьэрэр зыубыдащэр щІэдгъэІэжащ. ИтІанэ зы махуэ гуэрым кьыдоджэ Куэцэр. Ар нкІыкІэ лЫы мышынэ. И гущІ пыІэр зыб жанэрэ щэм щхьэриудами, щэ уІэгъэ хьуами, итІани зэхэуэм и курыкупсэм кьыхэнІтхьым. Абы кьыхэнІащ дзяпэкІэ Китайм сыкІэуэрэ топышэхэр кьыхэрыщэнэр. Махуэу гу эІу утехьэ хьунутэкъыми, жэщкІэрэ къесшэлащ щэхэр. Жэщу лъэмыж щыкІу гуэрым дыкъэкІыкІыж пэтрэ, лагъым щІэлъу кьыщІэкІри, дыдрихуеящ. Си гъуэгурІри сэри УІэгъэ дихуэщ, машинэрэм пыщІа топыр пиудри, езы машинэрэ зэхихьатащ. Насыпыр Алыхьым кьыдитати, дыкьелащ, щэтемыгІахуэу дыуэ ди анэм схуригъэтхуэу сиІэти, ар сэбэп кьыхсучэмыхьуауэ си гум жиІэркъым..

Корее Ищхьэрэр хуит кьыщащІыжка зэманкэм ирихьэлІэу, зы гуп хьуу, Борис сымэ ягъэкІуащ а кьэралымрэ Китаймрэ зэпызыщІэ лъэмыжыщэр, метр 800 зи кІыхьаныр, яхьу мэну. Ар нэхъ щынагъуэт зауанІэ зыІутам нэхьрэ. А лъэмыжыр якъутэн мурадкІэ Америкэм и кхъухьлатэ абрагъуэхэр, Б-52-р, жэщкІэрэ кьэлатэурэ бомбэхэр кьрадзыхьрт. Кхъухьлатэ 30-40-м нэс зэ и кьэщыкІуэ щыІэт. Абыхэм ди топхэмкІэ щеузкІи бомбэхэр кьэщыраутыпщхьэкІи апхуэдизкІэ макъыщхъэ ящІырти, дунейкьутэт: ди зауэлІэхэм хэти и тхьэкІуэмэ, хэти и пэм ибы кьэщидыр.

Адыгэ щІалэр мазихкІэ хэтащ псээпэлІхьэпІэ зауэм. Хэтащ и Хэкум кьалэн кьыщищІар игъэзащІэу, кьызыхэкІа лъэпкъым, адыгэм я пщІэр ихьмэу. Пасэу гуГуеХьэм ипсыхьэ Блий Борис сыт хуэдэ лъэпэощхьэпэм кьыпкІуэтакьым, кьэдзыхакьым. Лы мышынэу ар зауэм зэрыщыІам и щхьэтщІ Китай кьэралыгъуэм и медалитІ кьыззэрыхуагъэсащ.

И жылэжь Урыху кьигъэзэжа нэужь, Борис гъэрыуэжащ щхьэ зыІутэ Іэнатіэм. Пенсэм кІуэхункІи совхозым щылэжащ бензин кьыззэрыращэкІ автомашинэм дэсу. А Іэнатіэр абы зэрихьащ гугъэзагъэ, хозяйствэ унафэщІэхэр кьыхуэзэрэзыуэ. И Іуэхур нэгъэсауэ зэригъэзащІэм кьыпэкІуэу Борис кьратащ медаль зыбжанэ, щІыхь тхылъ зыкъом. Апхуэдэу «Ока» автомашини кьратащ. 1947 гъ льандэрэ машинэр рулыр зымыутІыпща нэхъыжькІыфым нобэр кьыздэсым зы фэбжь кьитхьэхуэзэрыуэ, и псэм щыщ Іыхьэу ибж машинэм апхуэдизкІэ хуосакьри...

Шэч хэлъкъым, Борис и унагъуэри, и шынэхъыщІэхэу Мыштіуи, Хьанджэрии, Блийхэ я Іьапсэкри, хьэлэри, жьлэ зиІэри иригушуэ хьунущ апхуэдэлІ, апхуэдэ нэхъыжьыфІ эрэІэм, я кьуажэм зэрыдэсым. Абы кьикІыщ щыхь зыпыль гъуэгуанэ, ныбгъэр дэжьыгъэ дахэкІэ гъэнщІауэ. Ильэс 80-м щхьэдэхами, хуумыгъэфэщІэну иджыри жьыджэщІ, щІэгъэкъуэн яхуэхъуу кьогъуэгурыкІуэ.

МЫЗ Ахьмэд.

Мэкъуауэгъуэм и 14-р УФ-м Іэпхъэшапхъуэ Іуэхухэмкіэ и федеральнэ Іэнатіэр къыщызэрагъэпэща махуэщ

Нэхъыфікіэ догугъэ

Я махуэщхуэм ирихьэлІэу зэфІегъэкІахэмрэ е ехъулІэныгъэхэмрэ кІэщІу тхутопсэлъыхь УФ-м Іэпхъэшэнхъуэным кІэлъыплъ Іэнатіэм и федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыІэм и унафэщІ Сокъур Олег.

- ИЛЪЭС 18-р лъэхъэнэшхуэу щыткъым, ауэ УФ-м и Іэпхъуэшапхъуэ Іэнатіэм а зэманым кьриубыдзэу зэрызнужьам, зэфІиха гъэжьыгъэм тепщІыкІэм, машІэуи пхуэжьІэнукъым. Республикэм щыІэ абы и Іуэхущ Іапіэми а екъулІэныгъэхэм и гуащІэ хэлъащ.

Дызэрыт илъэсым и мазитху блэкІам кьыкІуахэмкІэ, КъБР-м щыщыІэ щытыкІэм ємыльытагъэ, республикэм Іэпхъэшапхъуэр щызэпІэзэрытащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ныжь зэманым щекІуэкІ зэкъуэкІыныгъэхэм республикэм и социально-экономикэ, демографие щытыкІэм зыужьыныгъэфІэхэр хельхьэ, Іэпхъэшапхъуэ Іуэхущхьэ зэтеуцыбда хуэну догугъэ. Ґьащ ІэрefІакІуэмэ, ґьаэхэм икІэр нэхъ мащІэ зэрыхьэныр щэхуэ хэлъкъым.

Нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ, блэкІа мазитхум республикэм щыхуу нікІар процентти 4,6-кІэ нэхъ мащІэщ. БжьыгъэкІэ кхъэбгъэльагъуэмэ, КъБР-м щыху 1582-рэ икІащ, кьихьаехэр 929-рэ мэхъу. Ипэжьпіэ-кІэ, 2006 - 2009 гъэхэм тепщІыкьмэ, республикэм икІэрэм я куэдагьым фІыуэ кІэрыгъуащ.

Урысейми хуэдэу, республикэм нэхьыбэу кьакІуэр Узбекистанэм, Іыркъум, У краинэм, Сирием, Иорданым, Таджикистаным, Азербайджаным кьинкІэрщ. Хамэ кьэралыбы-хуэхэр нэхъ щылажьэр ухуэныгъэрщ, сату, Іуэхутхьэбзэ, мэкъумэш Іэнатіэхэрщ. Щыхуэн 9-м щІэныгъэ-кьэхутэныгъэ лэжьыгъэ ирагъэкІуэкІ.

Республикэм и гъэзэщІакІэ властхэм я органхэм, КъБР-м щыІэ МВД-м, УФСБ-м, ФСО-м, нэгъэсауэ Іэнатіэхэм дазэрадалажьэр зэредгъэфІекІуэныж яужь дитщ. ЗэгъэуІуа апхуэдэ зэпыщІэныгъэм и фІыгъэщ КъБР-м щытыкІэр зэрыщыІэзэрытыр. Управленэм и нэІэ щІэтщ Іэпхъэшапхъуэ хабзэр кьыщэпемыгъэудыныр, хамэ кьэралцыхуэхэр, абыкІэ хуитыныгъэ ямыІэу, лэжьыгъэм кьэрашалІэу, хабзэщащэгъэкІэ кьагъэсэбэпу яхуэмыдэныр. Урысейм и ФМС-м и управленэу КъБР-м щІэм и унэтІыныгъэ нэхъыщхьэкъэ ящыщ зыщ республикэм щыпсэухэм якІэ шыІэныгъэрэ пщІэрэ дэпъныныр кьыщэгъэпэщыныр, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ебэныныр.

Дэ дыхущІокІуэ цыхуэхэр зыхуэныкъуэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэныр зэредгъэфІэкІуэным, зэрызедгъэужьыным. Федеральнэ Іэнатіэм я гъэзэщІакІуэ властхэм кьэралІуэхутхьэбзэхэр электроннэ щытыкІэм ягу зэфІахыным зэхуІэныныр. Уеуэрэ Урысейм и Правительствэм нэгъабэ кьыщта унафэр дгъэзащІокІэрэ Урысей, хамэ кьэралпаспортхэр кьеІэзыхьыну, ахэр зыхуэужьыну зыкъыхуэхъыгъэзэхэм я тхьилъхэр **Госуслуги. ру** сайтымкІэ электроннэу кьалІах. Апхуэдизи хамэ кьэралІ щыхуэмэ гражданствэ зимыІэхэмрэ Урысей Федерацэм пІалъэкІэ щыпсэуну хуит зыщІ тхьилъхэр етыным, УФ-м и щыхуэхэр здзащІэ, щыпсэу щІыпІэхэм щатхьным пыщІа Іуэхутхьэбзэхэрэ.

Кьаэлнэхэр мащІэкъым, ауэ республикэм и социальнэ, экономикэ зыужьыныгъэм и сэбэп зыхъэль Іуэхугъуэхэр зэфІэжьыным сыт щыгъуэ гуптыгъэ хэха хуэтщІынущ. Я пщэрыльхъэр ягуэалІныныгъэр зыхащІэу зэфІэзыгъэкІын гупщ ди лэжьакІуэхэр. Махуэщхуэм екъулІэныгъэ, гушхуэныгъэ кьахуІэкІуэмэ, я мурадыфІхэр кьаІахьулІэмэ си гуапэщ. Нобэ дгъэпажэхэри яхэтщ абыхэм. Я щІэныгъэлъэщ КъБР-м щыІэ УФМС-м и кьудамэхэм я лэжьакІуэхэу Блэныхь Мурат, Беппаев Мурат, Іэщагъэлэ Чепурнин Алентинэ, Ґврч, Прохладнэ куейхэм щиІэ и кьудамэхэм я унафэщІэху Балъкъэр Муратрэ Устименко Михаилрэ, Апхуэдэу я Іэнатіэм хьэлэлу пэрыт лэжьакІуэхэщ Кавзановичи Иринэ (Прохладнэ), Уэзы Мар тинэ (Бахьсэн), Курдановэ Марзият (Іуащхьэмахуэ куей), Уянаевэ Ґанзилэ (Іщэрэкъуэ куей).

Зыгъэхьэзырыр **УЭРДОКЪУЭ Женящ.**

Гъащіэ

Нанэ Іумахуэ

ЕКІУУ, дахэу, зэхэщІыкІрэ лъытэныгъэрэ уиІэу дунейм утетын щхьэкІэ, хэхауэ лъэпкъ гуэрым ущыщынир Іэмал зимыІэу щытащ. Ар гъащІэм, ціыхум нэхъыщхьэу щыІэкІ Іуэхьэ лъапІэныгъэхэм ящыщІ. Абы и щыхьэтщ Инарыкъуей кьуажэм щыпсэу, иджыдлагъэ зи ныбжьыр илъэс 80 ирикъуа Верэ нанэ Іумахуэм и щапхъэр. Мы нэхъыжькъыр лъэпкъкІэ урысщ, Саратов областым кьыщылъхьэну, щапІащ.

- Зманыр хьэлъэт. Ди унагъуэм «кулак» кьыфІащу бэлыхь дыщыхадзам, ґьащІэ гущІэгъуншэм кьыдипэса залымыгъэм и хьэзабри и дыджри дгъэшащ. А псор нобэ хуэдэу си нэгум щІэтщ, - игу кьегъэкІыж Верэ и нэпсэр кьыфІекІуэу. - Ди щІыналъэм дызэрыщІар яхуэмыгъэву си адэ-анэр, нэхъ ныжькІэ эщІыпхъэщІыпІэ ди дзэлъу закъэр гуаузм ихьащ.

Кьэбэрдей нысэ зэрыхъуам и гугъу кьытхуищІыну дышещІэрІуэм машІэу кьыпныгуфІыкІри, кьыщидзащ.

- Зауэнуэхэмащ. 1948 гъэм еджапІэр кьэзуахэу Мэхьочкъадэ сыщылажьэрт. Щомахуэ СультІанрэ сэрэ абы дыщыпэрыщІыхьри, илъэс 18 ерыныкъуэу я унагъуэм сакъыхьыкъуэ щыстащ. Си тхьэмадэрэ си гущІэрадэ-анэ сэхуэхьуащ; си псэр якІэрыпщІати, сымыщІэр зэрыгъаІуэу дэІэпы- кьуэгъу нэсу кьыздэсым щІелъэрІуэ. Сыщыр эфІмащІэу, сщІэр яфІэкъуэу апхуэдэт, я псалъэ Іэфым, я гуапагъэм си лъэр щІигъэкІыт. Сэ тхьэмадэрэ си гущІэрадэ-анэ сэхуэхьуащ; си псэр якІэрыпщІати, сымыщІэр зэрыгъаІуэу дэІэпы- кьуэгъу нэсу кьыздэсым щІелъэрІуэ. Сыщыр эфІмащІэу, сщІэр яфІэкъуэу апхуэдэт, я псалъэ Іэфым, я гуапагъэм си лъэр щІигъэкІыт. Нэхъ сфІэтІапІэу, Іэфіу си гум кьинар зи хамэу сыкъыгэрымыльтагъ, «Уэ уурыскъым, атІэ нэгъэсауэ умуслымэнщ», - кьыжиІэрт си тхьэмадэ мыгъуэм, - пещэ нэхъыфІэу нанэ Іумахуэм и псалъэм. - НэгъэщІ лъэпкъым гъуащ «Реквием» зыфІищащ социальнэ видеороликыр. Лазниковэ Еленэрэ Ноткинэ Стеллэрэ я социальнэ плакатхэри зэхьэзэхуэм я пІалъэ Іыхьэм нэхъыфІу ящІыщІалъытащ.

Иджы Лазниковэ Еленэ хэтынущ зэпеуэм и иужьрей Іыхьэм «Си кІэкІуэнур соухуэ» уиІэныгъэмкІэ ищІа плакатым и фІыгъэкІэ. Ноткинэ Стеллэ и лъэныгъэхэр уиІэныгъитІым хэхуащ.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм а зэхьэзэхуэм ирагъэхьа гъэжьыгъэ псоми ущеплъ хьунущ Республикэм и Правительствэм и **www.pravitelsvokbr.ru** портал-лым ХьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм яда-лэжьэныгъэ, щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ министерствэм щиІэ сайтым.

Мэкъуаугъуэм и 20 щІондж интернет - Іэіэтыр щекІуэкІынущ мы хэщІапІэм: ***http: konkurs. mirmolodezhi.ru.*** Зэпеуэм щытекІуахэр мэкъуаугъуэм и 25-м кьэгъэзэнъуэнущ. Іэ фІэтмэ, ди республикэм щыщу а зэхьэзэхуэм хэтхэм я Іуэху дэфІыгъэфІыгъэнущ.

КъБР-м Хьыбарегъащіэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядаэлэжьэныгъэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ Іапіэ.

Іуэху зехьэкІэщІэ

Аскэрбий и гупыр

**Иужьрей илъэс зыщыпІІым республикэм къыщызэщІэрыуэжу хуеежащ дзэкІэ къэхьуэнкІэ. Нэхъаращэм щыІа фермэхэр зэрагъэпэщыжьми, щІэуэ яхуэхьуми а Іэнатіэм етэжь Іуэхущ Іапіэхэм я бжьыгъэм хэщІыкІыну хэхуэну, Дзэдым и предприятэм Джылахьстэней щІыналъэм щыІэ Арыкъ къуажэм пэмыжьжьэу щаухуэри. Пэжщ, нэхьапэм абдеж Іэщ фермэшхуэ щыІащ. Ауэ бельыми темытыжу, псэуальэхэри зэтекІуагъэу щІыпІэ бгыпжьа хьуат. Тэрч куейм щыщ хьэрычтыщІэ Дадэ Аскэрбий лэжьэну, псэуну хуейуэ щІалэ гуп зыщІигъущ, еувалІэри а зэхэкъутахэр щІалъэ кІэщІым къриубыдыгъ, къыпхуэмыщІыхьыжьым хуэдизу екІуэр-ешхъу зэрагъэпэщыжащ.

МЫЗЭМАНЫМ абы щыкъуэ 35-рэ щолажьэ. Я мазэ улахуэрику иту сом мини 10 мэхъу. ЛэжьакІуэхэр нэхъыбэу къызэпикІыр Арыкъыр. Фермэм дежьэжьазу мини 100 щагъашхэ. Гъэ кІуам тонн 700 ящам, дызэрыт илъэсым я бжьыгъэ тонн миным нагъэсын я гугъэщ.

Фермэм дежьэкІэр «Бахьсэн-Бройлер» акционерлэ обществэм къыщецэху. Инкубатор яІэщІ, абы дежьэжьей къыщрагъэшІри дежьэщым щІагъэтІысхьэ. Махуэ 45-кІэ яъэшха нэужь, щэн щІадзэ. А зэманым къриубыдыгъ дежьэхэм я хьэтыгъэр килограммэ 2,6-2,7-м нос.

Жыпхъэщ предприятэм и нэхъыжь Дадэ Аскэрбий абы и гъуэ ІэщІагъэлІ щІалэхэми технологиемрэ пщытхэр кьэгъэсэбэнымкІэ гупыгъэ дзэлІэужащІэр. Арыншауи хьэмыгъуэ. Сыту жыпІэмэ, а Іэмалхэр къуымыгъэІурыщІэмэ, нобэ ди кьэралым щытепщэ ящІэ нобэ зэхущытыкІэхэм я гупкІэм зыкъыпыщІтынтІ зыхуэІуа щыхьэщІ. Арыкъ дэт Іуэхущ Іапіэм и унафэщІхэм, и Іэщ Іагъэлі нэхъыщхьэхэм дежьэкъаз гъэхъунем текІуэну Волгоград щІыналъэм щыІэ фермэ лъэрыдзехьэхэм ящыщ зым зыпащІауэ, лъэныкъуитІри хьарзынэу зэдолажьэ. Абы и фІыгъэкІэ, ди щІалэхэм я Іуэхуэр нужь зэманым хэпщІыкІыу ефІэкІуащ.

Зи гугъу тщІы предприятэм и дежьэщІхэм щІигъэувар ди зэманым щыІэ Іэмэпсымэ нэхъыфІ дыдэхэм ящІэну, Хамэ кьэралкьэралхэщ щІэлъхэм ящыщ. Джэд мин 30 щыщІэтыр зы щыхуэ кьаруКІэ кьызэфІокІ, дежьакІуэхэр чэзуКІэ зэблэкІыу. Пэжу, а Іэмэпсымэхэр пудкъым, ар кьэщІхунымкІэ кьэралІ баи кьыр щІигъэкъуэн кьаухэхьауэ, ахъшэ щыхуэ яІэсищкІэ кьаритри.

Гъавэ къэзыгъэкІэн губгъуэм кьрахьар дахэ-дахэу яхуэмышІэрэ, Дадэм и фермэм тетхэм апхуэдэ гуныкъуэгъуэ кьалыкъуэкІыркъым. ЩэхуакІуэхэр я кхуэдиж, Джэдым и уаэрри езэгъыбарабгъуэ: килограммым хуэзэр тумэнитхуэ, Іэмал зэриІэкІэ ЛъапІэ зэрамыщІыным хущІокъу. КъымыджкІэ, псэууэ зэращэм кьыдэкІуэну, я джэдхэм щыщ бжьагъэ Гуэр уІэкІауэ, фыщІащэ Налшык дэт тыкъуэныщхуэхэм ирагъашэ. Щалэхэм я мурадщ джэдкъазыр зэрауэкІ, зыхуэІ зэрыхуагъазэ Іэмэпсымэ мы гъэм кьащІохуну.

- Ди джэдыр щэхуэмкІэ гунэс зэращыхъум дытрегъэгушхуэ,-жеІэ предприятэм и унафэщІым и къуэдзэ Сен Хьочим.-Уеблэмэ, и Іэфіагъкі ягъуэу джэдым кьыкІэрымыхуу жаІэ. Ди Іуэхуэр кьыздэсыжьуІэр ежьмэ яІэу зи фІыщІэр, дауи, гупыр дыдэхуэщІ Дадэ Аскэрбийщ. Абы зы унагъуэфІым хуэдэу дызэкъуигъэщащ. Іэмэмэ улахуэмэ, и гуащІэм хуэфэщІ щыІ улахуэ кІытынущ, сыт и Іьопыкъэ? Іэнатіэ Іуэхуэмкіэ, ар ящІэ щІэнтхьэ зэгуихьэ зэгуихьэ зэрэ ядэлажьэныр зэрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм.

«Урысейм и хэкупсэ» IX Урысейпсо зэхьэзэхуэм, печатымрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ Федеральнэ Іуэхущ Іапіэм зэхьэзэхуэм ящІэ, и япэ Іыхьэм щекІуэахэр хэтынущ Іуэхум и етІуанэ (кІэуэ) Іыхьэм.

Япэ Іыхьэм хэт хьунущ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм щатха электрон, къытезыдзэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэри, хэкупсэхэм теухуауэ абы кьыщагъэльагъуэр, кьыщыградзэр зи ІэдакъэщІэкІ щІыху щхьэгухэзэри.

Зэхьэзэхуэр унэтІныгъэ зыбжанэу зэщІхьэщІкІ. «Фронт», «Тыл», «Зауэм и сабийхэр», «ТекІуэныгъэм и щІэблэ» Іыхьэхэм зи зэфІэкІ щыІэныгъэ зэрыщІэныщІагъэ, щІэныгъэ зэрыгъэІуэ, щІэныгъэуэ ягъэлъапІуэхэр» зэрэуэм щытекІуахэр. Саугъэт нэхъыщхьэ иратынущ зэхьэзэхуэр зращІэкІ Іуэхум и купщІэр нэхъ Іэкіуэльакіуэ кьэзыгъэльагъуэ хьыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэм.

Зэпеуэм хэтыну хуейхэм заявкэ ятх хьунущ 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21 щІондж. Ар Іэрыгъэхьэн хуейщ Налшык, Ленинм и уэрам, 57-нэ унэ хэщІапІэм.

«Урысейм и хэкупсэ» зэхьэзэхуэр зэрекІуэкІыным нэхъ зэпкърыхэ щыІэр Іуэзэ щІыналъэ хьунущ Роспечатым и сайтымрэ: **www.farmc.ru**, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьызэригъэпэща порталым Хьыбарегъащіэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядаэлэжьныгъэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм щиІэ сайтымрэ: **www.pravitelstvokbr.ru.** КъыщымыщІауэ, **(8662) 77-83-50** телефонымкІэ упсалъэ хьунущ.

Конкурсхэр

«Урысейм и хэкупсэ»

Мы гъэм ди къэралым щокІуэкІ «Урысейм и хэкупсэ» IX Урысейпсо зэхьэзэхуэ. ЩІэблэр хэкупсэу къэгъэхъуным хуэунэтІа Іуэхуэр ТекІуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ зэририкъум хуэгъэпсащ.

АР ЗЭРЕКІУЭКІЫР телевиденэм, радиом, газетхэм нэхъыфІу кьыщызыгъэльагъуэхэри зэпрагъауэ. А зэпеуэм и япэ Іыхьэм хэтыну хуейхэм заявкэ ятхэн хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрым Хьыбарегъащіэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядаэлэжьныгъэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм.

«Урысейм и хэкупсэ» IX Урысейпсо зэхьэзэхуэм, печатымрэ хьыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ Федеральнэ Іуэхущ Іапіэм зэхьэзэхуэм ящІэ, и япэ Іыхьэм щекІуэахэр хэтынущ Іуэхум и етІуанэ (кІэуэ) Іыхьэм.

Зэпеуэм хэтыну хуейхэм заявкэ ятх хьунущ 2010 гъэм мэкъуауэгъуэм и 21 щІондж. Ар Іэрыгъэхьэн хуейщ Налшык, Ленинм и уэрам, 57-нэ унэ хэщІапІэм.

«Урысейм и хэкупсэ» зэхьэзэхуэр зэрекІуэкІыным нэхъ зэпкърыхэ щыІэр Іуэзэ щІыналъэ хьунущ Роспечатым и сайтымрэ: **www.farmc.ru**, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм кьызэригъэпэща порталым Хьыбарегъащіэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядаэлэжьныгъэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм щиІэ сайтымрэ: **www.pravitelstvokbr.ru.** КъыщымыщІауэ, **(8662) 77-83-50** телефонымкІэ упсалъэ хьунущ.

Іэіэт йокІуэкІ

2010 гъэм мэкъуауэгъуэм и 1-м щыщІэдзауэ социальнэ рекламэ гъэльэгъэныжьмкІэ «Іуэху епІыкІэщІэ» зыфІаща Урысейпсо зэхьэзэхуэм и интернет Іэіэтыр йокІуэкІ.

АР УРЫСЕЙ Федерацэм и Къэрал Думэмрэ «ЩІалэгъуалэм я дуней» жылагъуэ фондымрэ зэгъуэгу кьыІэрагъэпэщащ. Ди республикэм я Іуэхугъэм щелэжьыр Хьыбарегъащіэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядаэлэжьнымрэ, щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ министерствэм я щІэныгъэ-кьэхутэныгъэ щІэныгъэ-ныбжьыгъэ щІэрэ дэпъныныр кьыздэсыгъэ щІыху щхьэкІэ щІыпІэ щІэныгъэ-ныбжьыгъэ щІэрэ дэпъныныр кьыздэсыгъэ щІыпІэхэм я щІэныгъэ-ныбжьыгъэ щІэрэ дэпъныныр кьыздэсыгъэпэщыныр, терроризмэмрэ экстремизмэмрэ ебэныныр.

Дэ дыхущІокІуэ цыхуэхэр зыхуэныкъуэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІэныр зэредгъэфІэкІуэным, зэрызедгъэужьыным. Федеральнэ Іэнатіэм я гъэзэщІакІуэ властхэм кьэралІуэхутхьэбзэхэр электроннэ щытыкІэм ягу зэфІахыным зэхуІэныныр. Уеуэрэ Урысейм и Правительствэм нэгъабэ кьыщта унафэр дгъэзащІокІэрэ Урысей, хамэ кьэралпаспортхэр кьеІэзыхьыну, ахэр зыхуэужьыну зыкъыхуэхъыгъэзэхэм я тхьилъхэр **Госуслуги. ру** сайтымкІэ электроннэу кьалІах. Апхуэдизи хамэ кьэралІ щыхуэмэ гражданствэ зимыІэхэмрэ Урысей Федерацэм пІалъэкІэ щыпсэуну хуит зыщІ тхьилъхэр етыным, УФ-м и щыхуэхэр здзащІэ, щыпсэу щІыпІэхэм щатхьным пыщІа Іуэхутхьэбзэхэрэ.

Кьаэлнэхэр мащІэкъым, ауэ республикэм и социальнэ, экономикэ зыужьыныгъэм и сэбэп зыхъэль Іуэхугъуэхэр зэфІэжьным сыт щыгъуэ гуптыгъэ хэха хуэтщІынущ. Я пщэрыльхъэр ягуэалІныныгъэр зыхащІэу зэфІэзыгъэкІын гупщ ди лэжьакІуэхэр. Махуэщхуэм екъулІэныгъэ, гушхуэныгъэ кьахуІэкІуэмэ, я мурадыфІхэр кьаІахьулІэмэ си гуапэщ. Нобэ дгъэпажэхэри яхэтщ абыхэм. Я щІэныгъэлъэщ КъБР-м щыІэ УФМС-м и кьудамэхэм я лэжьакІуэхэу Блэныхь Мурат, Беппаев Мурат, Іэщагъэлэ Чепурнин Алентинэ, Ґврч, Прохладнэ куейхэм щиІэ и кьудамэхэм я унафэщІэху Балъкъэр Муратрэ Устименко Михаилрэ, Апхуэдэу я Іэнатіэм хьэлэлу пэрыт лэжьакІуэхэщ Кавзановичи Иринэ (Прохладнэ), Уэзы Мар тинэ (Бахьсэн), Курдановэ Марзият (Іуащхьэмахуэ куей), Уянаевэ Ґанзилэ (Іщэрэкъуэ куей).

Зыгъэхьэзырыр **УЭРДОКЪУЭ Женящ.**

Дзюдо

Джэданэ Алим етІуанэ увыпІэм щытщ

Дзюдомкіэ дунейпсо федерацэм къытрригъэдзащ накъытІэщ мазэм и рейтингхэр. «Тажышхуэр» кьэхьыным тезыгъэ Рио-де-Жанейрэ (Бразилие) щекІуэкІа зэхьэзэхуэм зэрыщытекІуам и фІыгъэкІэ, килограмм 66-рэ зи хьэлъагъэхэм я деж щыбана, Джэданэ Алим езым хуэдэ спортсменхэм я деж дуней псом иджы етІуанэ увыпІэр щиІыгъуу кьаІытащ.

МАЗЭ и пэкІэ Джэданэр зэдэщтар епІанэ увыпІэрщ. Ди лъахэгъум зэкІэ къофэкІ дунейпсо рейтингым иджыри пашэныгъэрщыгъуэ ІыІыпІ, Монголием щыщ дзюдоист цІэрыІуэ Ханбаатар Цаагатбаатар. Псори зэхэту Алим иджыпсту очко 1076-рэ иІэщ икІи бжьыпэр зыІэщІэлъым къызэрыкІэрыхужьыр балли 190-рэщ.

Дзюдоистхэм я дунейпсо рейтингым Къэбэрдей-Балъкъэрым и спортсмен пщыкІуэным я унэцІэхэр итщ. Очко 328-рэ иІэу Мудрэн Беслъэн епщыкІуханэ увыпІэм щытщ. Къуэдзокъуэ Муратрэ Гуртуев Уланрэ 31-нэ увыпІэр зэдагуэш.

Хьэбэчырым Мадрид зыщегъэлъагъуэ

Дунейпсо кубокыр къэхъыным теухуауэ Испаниемрэ и къэралыгъэ Мадрид дзюдомкІэ щекІуэкІа зэхьэзэхуэм дыжьын медаль кьыщихьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым икІа Хьэбэчыр Мурат.

Финал ныкъуэм нэсын папщІэ ди лъахэгъум зэкІэлъхьэжьу хигъэщІащ Канадэм икІа Перро Гильям, Бельгием щыщ Ботье Жоаким, Бразилием и лЫкІуэ Кантэ Флавио.

Финалым кІуэн папщІэ Хьэбэчырыр ебэнащ, иужькІэ зэхьэзэхуэм щытекІуа, Японием щыщ Накаи Такахиро. Абы Мурат пэлъэщакъым.

Дыжьын медалыр кьихьын папщІэ адыгэ щІалэр пэщІэуващ хьэгъэрейхэм ящыщ Лоренцэ Адриан. Мыдджеым Хьэбэчырым и хьэрхуэрэгъум зы Іэмали иритакъым.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Зыгъэпсэхугъуэ махуэм

Малъхъэдис

● Къуажэхъэр

Бгъэныщкlу пэтми, хэмыз

♦Адрыщкlэ лэгъуп щ1ыкlу къыщовэ.
♦Ар уимыlэу зыри пхужымыlэ.
♦Бгъэныщкlу пэтми, хэмыз, ныбэ изи пхуэмыхъу.
♦Быныр зыгъашхэу шхалъэм дэпкlэж.
♦Бжэным и фэ бым-бым, башым и щхьэ бым-бу.

ЖЭУАПХЭР:

Lуэ1э. Бзыгъ. Сагъыз. Бжэмкъх. Бэрэбгн.

Лыр зэрагъэгъупщlыр

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

АПХУЭДЭУ ящыну къыхахыр къупщхь зыхуэмылъ быымылырщ, бжэныырщ, шылырщ. Лыр щlагъэгъупщlыр зэрымыхьэу куэдрэ щагъэлъыпн щхьэкlэщ. Апхуэдэлъм къхащыкlа ерыскъыр шхыгъуафlэщ, къэуатщ, Iэфlщ. Абы щхьэкlэ Iэщ яуклагъащlэм и лыр Iыхьэшхуэурэ къупщхьэм щхьэкlэрагъэж кг 1 - 2 хьуэрэ.

И Iувагъыр 1 см хьууэ пlащlэу яупlэ, псы щ1ыlэкlэ ятхьэщl. Дзэху шынакъым псы щ1ыlэ иракlэ, абы шыгъу хадзэ, фlыуэ зэlащlэуурэ ягъэткlу. Лы упlар шыгъушипс щ1ыlэм щlигъанэу халъхьэ, и щхьэр тепlауэ щ1ыlапlэм щагъэуври нэху кьрагъэжl, шыгъур хыхьэн щхьэкlэ. Пщыхьщхьэм лыр шыгъушипсым къыхащыкlа ерыскъыр шхыгъуафlэщ, къэуатщ, Iэфlщ. Абы щхьэкlэ Iэщ яуклагъащlэм и лыр Iыхьэшхуэурэ къупщхьэм щхьэкlэрагъэж кг 1 - 2 хьуэрэ.

И Iувагъыр 1 см хьууэ пlащlэу яупlэ, псы щ1ыlэкlэ ятхьэщl. Дзэху шынакъым псы щ1ыlэ иракlэ, абы шыгъу хадзэ, фlыуэ зэlащlэуурэ ягъэткlу. Лы упlар шыгъушипс щ1ыlэм щlигъанэу халъхьэ, и щхьэр тепlауэ щ1ыlапlэм щагъэуври нэху кьрагъэжl, шыгъур хыхьэн щхьэкlэ. Пщыхьщхьэм лыр шыгъушипсым къыхахыр, ягъэжэщ, зэлъэlэсу шыгъу щабэ тракlуэрри кlапсэм фlадзэ е чылъэрыкlуэм тралъхьэ, жыыр къыздепщэ лъэныкъуэмкlэ хуэзэу. Нэху щыхуэ жбы щ1ыlэ зыщlихуэ лыр мэжэпхъ. Пщэдджыжьым лыр къыфlахыжь, хьэкъущ1ыкъм иралъхьэри и щхьэм хъыдан къабзэ тепхьууэ пщ1ыхьэщхьэ пщlондэ щ1ыlапlэм ягъэув. Пщ1ыхьэщхьэм лы шыуар фlЭдзапlэм фlадзэри нэху кьрагъэжl. И щ1ыlум кьурэ пlащlэ хуэдэу трищlамэ е лантIэ-лантIэу щ1ытмэ, фlыуэ гъупlаУэ араща фlЭдзапlэм къыфlахьыж. Кхъущ1ыным е хьэкъущ1ыкъ лам иралъхьэри и щхьэр фlыуэ щхьэщапхыкl жьы зыпхыкl щэкl пlащlэкlэ икlи щ1ыlапlэкlыфыпlэм щагъэув. Лы ягъэгъупщlар зэ1ымакъыу куэдрэ щ1ыльщ. Шыхьныгъуэ зэмылlэужьыгъуэ Iэджэ къых эпщ1ыкl хъуну. Псом хуэмыдэу куэдым ягу ирохь лы гъэгъупщlа дзасэкlэ гъэжьар пlастэ хуабэм и щ1ыlум телъу.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылым кьитхыжащ.

● Псалъэжьхэр

Дахэм къимыхь Iейм къихькъым

■Унагъащlэ гужьеигъуафlэщ.
■Щхьэгъусэ хуэмыху зиIэр насыпыншэщ.
■ Хьэщlэр шхэмэ, бжэм йопlь.
■ Шапхъэншэ нэхърэ щыпхъу нэф.
■ Щlалэр унэ псоми я малъхъэщи, хъыджэбзыр унэ псоми я нысэщ.
■ Я нэхъыжь и унафэ я хъыджэбз екъутэ.
■Ныхьлы делэ напэтехщ.
■ Iуданэ кlапэр кlэщlщ жьпlэу хьфlумыдэ, пщ1ыкъуэр щlалэщ жьпlэу думыдзых.
■ Дахэм къимыхь Iейм кьихькъым.
■ Зи бзэ быдэм насып иIэщ.
■Зи пщ1ым пэжищэ егъэуглъий.
■Щ1ыхум и щlэр езым зыфlещ1ыж.
■Чэнджащэ Iуэщхъукъым, упщlэ щlэщхъукъым.
■Хьэщlэ къакIуэм насыпи кьыдокIуэ.
■Щхьэу зезыхьэм Iыхьэ щанэр лъосыж.



Налшык дэт къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапlэм мэкъуауэгъуэм и 6-м къышыдзэIуахащ къаIэм щ1ыпсу сурэттех ныбжьыщlэхэм я Iэдакъэщlэкlэхэр щагъэтъагъуэ выставкэ. «ВОБЪЕКТИВная РЕАЛЬНОСТЬ» зыфlаща выставкэр кьыдзэIуахынымкlэ ядэIэпыкъуащ Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапlэм и унафэщlхэмрэ сурэтыщl-модельер Сэратъп Мадинэрэ.

Дунейр сурэттеххэм я нэкIэ

●Гъэлъэгъуэныгъэ

гуэрым зэрыхишэр. ГуфIэгъуэр я нэгум кърихыу ныбжьыщ1тI бгъэдэтщ нысащlэ къызэрыщ сурэтым. Дабгъэдыхьэу ар къаззрыщ1ыхьум дыщ1ыщ1эупщlэм, кьыджаIащ а тIум я хьэгъэлIыгъуэр зэрекIуэкlрэ куэд зэрымыщlар. Гурыщlэ Iэфlхэм зэщlиныгъэ зэрышагъащlэхэр а сурэтым къыщ1ытеувыlар иджы гурыIуэгъуэт. Дауи, ягу кьагъэкlыжыни зытепсэльыхьыни я мащIэтэхьым абыхэм. Мис апхуэдэу дэтхэнэ зы сурэтми гупсысэ гуэр кьуетри, блэкlам е къэкlуэнум я дунейм укъыщегъэхутэ.

Сурэттех ныбжьыщlэхэм я нэкIэ дунейр къэзыпlъыхьыну хуей псоми апхуэдэ Iэмал мэкъуауэгъуэм и 16 пщlондэ яIэщ.

ДОЛ Аминэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Фэ фщIэрэ?

Адыгэ джэш хужьыр зи сэбэпыр

Маитхъур мэкъуауэгъуэм и 15 пщlондэ щIахарауэ ябж икIи ар уэзфрэ куэдымкIэ сэбэпышхуэщ.

* * *

ПIастэ хуабэ убар зэщIэбуфэмэ е зыгуэр тупIэмэ, ар уцIынынущ, псыр къыщIэжу.

* * *

Илъэсым я нэхъ махуэ лъапIэ дыдэу адыгэхэм яIэхэр:

къурмэн махуэр - лыр щ1ыуэ ягуэш - къулейсызым, гъуэнэгъум, унагъуэм;

Iэшрыl махуэр - Iэшрыыр унагъуфIыблым хуабэ;

мафIащ1ыхьэ джадыр - ягъавэ, унагъуэм кьонэ.

* * *

Адыгэ джэш хужь пIащIэр мыгъэвауэ бжэмыших изурэ щ1 яшхмэ, фошыгъу уэзыр мэхъуж.

* * *

Джэдыщ1эм ялэу кьикIэщI джэдыкIэр щ1ыкIунитIэщ, ныбгъуэ джадыкIэм хуэдизу. Ар яшх хабзэкъым.

* * *

ГъэтIылъыгъэ ящ1ыну кхъуейр щ1ыхэхын хуейр мэкъуауэгъуэ, бадзэуэгъуэ, шыщ1ыхэIу мазэхэрщ. Абы щ1игъуэ хаха кхъуейр Iэфщ, витамин куэду хэлъщ.

Жэмыкуэ е кхъуейжьапхъэ щащIкIа джадыкIэ куэд халъхьэмэ, тхъу къыщ1ыщ1ИмыдэщIыщ. Джэдыкlэм шатэм къыщIидз тхъур зыщIеф.

* * *

Нэхъыжьхэм джэд гъэва е гъэжьа щашкIэ джадыфэр кьытрахырти, щ1ыкIухэм ирагъэшхырт, нэхъ жан фищ1ынущ, бланэ фыхъунущ икIи нэхъыбэрэ фыпсэунущ жаIэрти.

* * *

Гуэгушылыр щагъавэкIэ, абы и къупщхьэхэр эпаудыркъым, зэпыльыпIэр зэрагъэкIыу араща. Ар зэпыбудрэ бгъавэмэ, лэпсри лыри Iэфl хъурхъым, сыт щхьэкIэ жьпIэмэ къупщхьэ зэпыудам и кIэуцIым илъыр лъы пщIащ. Абы лэпсри фIыщIэ, тKIыбжь ещI.

КЪУБАТИЙБорис.

Къуэныкъуей Назир и фэеплъ зэпеуэ

Мэкъуауэгъуэм и 13-м Шэджэм ЕтIуанэ кьуажэм щыIэ Республикэ картодромым КъБР-м и РОСТО (ДОСААФ)-м и советым щригъэкIуэкIынущ Совет Союзым и Лыхьужь кхъухьльатэзехуэ Къуэныкъуей Назир и фэеплъ зэпеуэр. КъБР-м картингымкIэ и чемпионатымрэ пашэныгъэр кхъыныныкIэ зэхьэзэхуэмрэ Урысей Ипщэм и командэ лъэщхэр хэтынущ.

● Къэкlыгъэцlэхэр

Жумар - *манжетка*
Жыгкугъу - *омела*
Жыгей - *дуб*
Зэрыджа - *калина*
Зей - *кизил*
КIарц - *акация белая*
Къаэмакъ - *облепиха*
Къэдабэщиху - *тополь серебристый*
Кхъуейудз - *мальва, просвирник*
МэракIуапцIэ - *ежевика сизая*
МэракIуэтумэ - *клубника*
Мей - *яблоня лесная*
Нартей - *тисс*

Псалъэзэблэдз

ЕкIуэкIыу: **3.**Куржы къэралым щ1ыпсэу лъэпкъ. **4.** Лъахъстэным кхъухэщIыкIа вакъэ пIащIэ. **6.** ХадзэхэкI. **8.** Губгъуэ джэдкъаз пIащ1, лъатэу. **9.** Нарт лIыхъужь. **13.** Зи къудамэхэр теухъуэнщIыкIа жыг лъэдий гъум. **14.** ПIалъэ-пIалъэкIэрэ зэхьхьэ бзэзрышхуэ. **18.** БжьыфIэм щхьэкIэ жаIэ. **21.** ТхакIуэхэу, усакIуэхэу КIыщокъуэ Алим, КIэрэф Мухьэмэд, Елгъэр Кэшиф, Мэзыхьэ Борис сымэ къыщалъхуа кхъуажэ. **23.** Гъуэнщэдж щ1ыIутелъ лIэужьыгъуэ. **29.** Зеиншэ. **30.** А унэцIэр зэрахьэ: Хэку зауэшхэм хэкIуэда уэрэдусуэрэджьIакIуэ тельыджэм, адыгэ усакIуэм, «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ артистэ щ1э пlащIэрэмы гъэм зыфlаща, Щ0джэнщ1ыкIум и щIэр зезыхьэ театрым и джэгуакIуэм. **31.** Бдзэжьей лIэужьыгъуэ. **32.** Ухуэныгъэм къыщагъэсэбэп тKIуаткIуэ. **35.** Хьэпщхупщ. **41.** Хадэм зэрилэжьыхь. **43.** Псыежэхыр зыдэт къуакIэ. **44.** Лэжьэн зи жагъуэ щ1ыху. **45.** Тхьэмпгэм нэгъуэщIу зэреджэ. **48.** Щ1ыхум Iэбжьанэ фIеягъкIэ зыIэригъэхьа гуэр. **50.** Пхьэ кьутахуэ, упсахуэ. **51.** ... щ1ыкIу бжьакъуэщхуэ. **52.** Анэкьилъху. **53.** ЗыхэзыlэтыкI, зыкъызыфIэщIыж.

Къехьу: **1.** ЕхыпIэ задэ, щ1ыхупIэ. **2.** Iэщхэм я тхьэ. **3.** Кьамэ Iэпщlэр зэрагъэдахэ. **5.** Зи пхьафэр гъуабжэ жыг. **7.**Кьуаргъ лъэпкъым щ1ыщ. **10.** «... и Iуданэ кIыхьщ». **11.** ГъущIхэкI лъапIэ. **12.** Гъавэ кьыщ1ымыхъу, щ1ыхум ерыскъы щамыгъуэгъэзман. **15.** Пасэрей зауэлIым и жыр джанэ. **16.** Хьэцэпэцэ къэкIыгъэ. **17.** Iув, зэщIэкIа. **19.** Щ1ыхубз щ1ыгъын. **20.** Адыгэ къэфкIэ. **22.** Пхъэщхьэмыщхъэ. **24.** А унэцIэр зэрахьэ Щ0джэнщ1ыкIум и щIэр зезыхьэ адыгэ театрым и режиссер нэхъыщхьэу щ1ытами, КъБР-м и Правительствэм хэт министрэм. **25.** Пасэрей Iэщэ зэрыпыдджэ. **26.** Пхъашэ, гъур. **27.** Нобэ зыгъэрей щ1ыгъ. **28.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, ар адэжь щIэнщ. **33.** Мжву ... зэтетлъхьащ. **34.** Гумахэ, гущIэгъу зиIэ щ1ыху. **36.** Зауэ зэманым танкисту щ1ата, Совет Союзым и ЛIыхъужь. **37.** Шым и кIуэкIэ. **38.** Псэущхьэ пIащэ, бжьабзэу. **39.** Лъахъшапlэ.**40.** Апхуэдэ пэщlэгъу языныкъуэ щ1ыхухэм яIэу жаIэ. **41.** Унагъуэ псэущхьэ. **42.** Сантиметр 72-рэ. **46.** Зэгуамыгъэжу псэущхьэм траха фэ. **47.** Пасэрей щ1ыгу, щхьэ телъу. **49.** Ежьэм жраIэ : «Гъуэгу ...» . **50.** КъэкIыгъэм и ....

Зэхэзыльхьар
МЫЗ Ахьмэдщ.



Мэкъуауэгъуэм и 5-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **3.** Тубай. **8.** «Гуапагъэ». **9**. АдыгэлI. **10** . Махьшэ. **11.** Марыбз. **12** . Къэхьэуэ.**13**. Нэгумэ. **20**. Уащхьэу. **21.** Жырыкъ. **22.** «Аслъэн». **23**. Къурмэн. **28**. «ПшэкIухь». **31**. Жьуджалэ. **32**. Емынэжь. **33**. Мазае. **34**. Пащтыхь. **35**. Апэмэз. **36**. Хьэбэз.

Къехьу: **1.** «Мазэгъуэ». **2**. Балыджэ. **4**. Унагъуэ. **5**. Ахьшэм. **6**. Щ1ыщхьэIу. **7**. Хьэтуей. **14**. Шуман. **15**. Пщалъэ. **16**. Нэхунэ. **17**. «Ажэкъуэ». **18** . «Время». **19** . Пкъынэ. **24**. «Тауканэ». **25**. Пхъуантэ. **26**. Псыкуэд. **27**. Анэмэт. **29**. ШкIащIэ. **30**. КIуатIатIэ.

НапэкIуэцIыр зыгъэжьэзырар щ1ХЬэщ1эмыщ1 Иэщ.

Ди газетым и кьыкIэлъыкIуэ номерыр кьыщ1ыдэкIынур мэкъуауэгъуэм и 16-рщ.

● Газетеджэм и усэ

Зи гур зэIуха Бейтыгъуэн Сэлам

«Адыгэ псалъэр» нэхьыбэу зи Iэпэгъур ди нэхьыжьхэрщ. Абы и напэкIуэцIкэм ахэр щегъэгъуазэ дунейм къыщ1ыхьу-къыщ1ыщIэхэм, гъащIэм щекIуэкI зэхьэуэкIыныгъэхэм. Яхэтщ абы эм я гурыгъуэ гурыщIэхэмкIэ, я Iуэху еплыкIэхэмкIэ газетымкIэ кьыддэгуашэхэри, зи чэнджэщ къыддэзыхьэлIэхэри. Нобэ фэдэгъэцIыхуну газетеджэри абыхэм ящ1ыщ. «Адыгэ псалъэр» ильэс 50-м нэблэгъауэ зыIэрыхьэ, Къармэхьэблэ щыпсэу Бейтыгъуэн Сэлам гъащIэм и зы щхьэдэхьпIэ ныбжь къыззринэкIами, хуумыгъэфэщэну жыджэрщ. Ар лэжьакIуэшхуэу къэгъуэгурыкIуащ, иджыпстуи еш жыхуаIэр ищIэркъым. Я куажэгъу хьэрычэтыщIэм и мылькукIэ Къармэхьэблэ мэжджыт щыдащIыхьым зи гуащIэ езыхьэлIа, нобэми абы зи нэIэ тезымыкIэ, пщIэ зыхуащI нэхьыжьыфIщ Сэлам. И лъабжьэм щ1ыщIэдзауэ мэжджытыр кьиIэтащ игъащIэ лъандэрэ ухуакIуэ-инженеру къэгъуэгурыкIуа Сэлам.

Бейтыгъуэн Сэлам бзэщIэныгъэ имыIэми, куэд щIауэ литературэм дехьэх. Адыгэ усакIуэхэм, тхакIуэхэм я кьалэмыпэм кьыщIэкIа куэдым зэпкърыхауэ пхутепсэльыхьыфынущ, зэгуэр гукIэ зригъэщIауэ щ1ыта усэхэми ноби кьыпхуеджэнущ. Псалъэм папщIэ, КIуащ БетIал и «Джонитl» поэмэр зыхэлъхьэ щ1ыIэкъым. Езы Сэламми усэ, прозэ тхыным и кьару щоплъ, утыку кьрихьэу, критик хигъаплъэу щ1ымытми. Абы кьыгуроIуэ и кьалэмыпэ кьыщIэкIэр литературэ жанрхэм я бзыпхъэм нэгъэсауэ кьитIасэу зэрымыубзыхуар, ауэ абы щхьэкIэ кьимыигъанэу, и гум кьыпылъэдар, и псэм кьыщ1ушар тхылымпIэм кьыззэрытринэным хущIокъу.

Сэлам и Iэдакъэщlэкlэхэм ящ1ыщ зы усэ нобэ фи пащхьэ идолъхьэ.

Си къуажэжь

Сыщалъхуа Къармэхьэблэ,
Дыгъэ нуру куэдрэ тхуэблэ,
Гугъуехьыр куэдми, упимыкIуэт
Нэхъыфlу щ1ыlэр зыбогъэгъуэт.

Ижь-ижьыж лъандэрэ
унэмыс лъахэщ,
Ар мы зэманым щ1ыхур зыхущlэкъущ.
Адыгэм ди хабзэ дахэр
Уи щlэблэм ноби я гъуазэщ.

Урипатэну генерал,
Уригушхуэну академик,
Унlэщ Лэжьыгъэм и Лыхъужьи,
Щ1ьблэр зыгъэгушхуэ нэхъыжьи.

Зэманыр бзаджэми, псоми уефlэкIыу,
Къэрал унафэ зыщ1ыф кьыпхэкIыу.
Зым и акъылыр адрейм ебэкIыу,
Фlы1ъагъуныгъэ къуажэм дрелъ,
Нэхъыжь унафи я псэм хрелъ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкlэ и министерствэмрэ республикэм и творческэ интеллигенцэмрэ гущIыхьэ ящ1ыхъуащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхубэ тхакIуэ **Нало Ахьмэдхьан Хьэмырз и къуэр** дунейм зэрехьэжар икIи абы и Iыхьлыхьэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузаз.

Нало Ахьмэдхьан зэи ящ1ыгъупщэнкъым абы къыдэлжьахэмрэ и ныбжьэгъуэхэмрэ.

Урысейм �щIэныгъэхэмкIэ и академием и IуэхущIапIэм - КъБР-м и Правительствэмрэ Урысейм �щIэныгъэхэмкIэ и Академием и Къэбэрдей-Балъкъэр �щIэныгъэ центрымрэ гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ я институтым и лъжьакIуэхэр филологие щIэныгъэхэм я доктор, къэбэрдей-шэрджэсыбзэмкIэ секторым и унафэщI **Бищlо Борис Чэмал и къуэм** хуогузаз абы и адэ **Чэмал Хьэсэн и къуэр** зэрылIам кьыхэкIыу.

КъБР-м къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ Iэнатlэмрэ къэрал кIуэцI дзэхэмрэ я ветеранхэм и советыр отставкэм щ1ыIэ полковник, советым и тхьэмадэм и къуэдзэ **Нало Аскэрхьан Хьэмырз и къуэм** хуогузаз абы и къуэш **Ахьмэдхьан Хьэмырзэ и къуэр**зэрылIам кьыхэкIыу.

Редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ ЖЬЭКIЭМЫХЬУ Маринэ

РЕДАКЦЭМ И КОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР

Хьэфlыщlэ Мухьэмэд (редактор нэхъыщхьэ), **Жьлагъэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширий Мариндж** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Гъурыжь Мадинэ** (эзэуар зыхь секретарь), **ГъущIо Зариф, Кьардэн Маритэ, Ныбжь Таисэ, Хьэжыкьарэ Алик.**

ДИ ХЭЩIАПIЭР

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щ1ыIэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 47-31-54, 47-33-23; эзуар зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 47-22-63, 42-57-59; щ1ихабзэмкIэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхьэуэ Iуэхущlапlэхэм ядэIэкlэлъыныкIэ - 42-60-53; къыбарыщIэхэмкIэ, спортымрэ письмохэмкIэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 47-32-15; зэдэгъэкIыгъэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтерием - 47-31-69; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Iуэхущlапlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм кьыщ1ыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэта Iуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм и сэу жуэап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Iуэху еплыкIэр зэтехуэ зэпыту щытхъым.

Газетыр Iэ тезыдахэм яхуэхьыныр и щIэ дальщ КъБР-м федералыз пощт эпщlэныгъэхэмкIэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10.

Газетыр щ1ыныкIэ жуэап ехь КъБР-м и "Роспечать" АО-м. Тел.: 42-69-34

Газетыр 1989 гъэм лъыгъэгъэм и 16-м №Н-0065-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокI.

1905 гъэм щ1ыа Революцэм и цIэр зезыхь Республикэ полиграфкомбинат, Налшык къ., Лениным и цIэкIэ щ1ыIэ уэрам, 33, тел. 42-35-75.

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: **жуэап зыхь секретарым и къуэдзэ Къаншокъуэ Эллэ, редактору Ныбжь Таисэ, корректорхэу Щ0джэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.)* **Баиэ ФатIимэ** *(3, 4-нэ нап.)* **корректорхэм я дэIэпыкъуэгъу Иуан Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и тепльэр щIащ* **Гъукlэлl Рае,** *сурэтхэм елэжьар* **Бищу Жанинэщ.**

Номерыр "Адыгэ псалъэм" и компьютер Iэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531● Тираж 10.125● Заказ №1626